**Өзбекстан Республикасы жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлиги**

**Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети**
**«Музыкалық тәлим» қәнийгелигиниң Магистратура бөлими**

**Қол жазба ҳуқуқында**

**Реймова Ранонын**

# «Қарақалпақ жырыўларының педагогикалык көз-карaслары»

(Соппаслы Сыпыра жыраў, Жийен жыраў ҳәм Досманбет жыраўлар тийкарында)

**5А141001(Музыкалық талим)**

**Музыкалық тәлим магистри дәрежесин алыў ушын усынылған**

**ДИССЕРТАЦИЯ**

Магистирлик диссертация музыкалық тәлим кафедрасында көрип шығылды ҳәм корғаўға усынылды.

Кафедрабаслығы:_____проф.Қ.Заретдинов

«______»____________2011 жыл

Илимий басшы_______т.и.к.П.Палуаниязов.

**Нөкис-2011**

**Кирисиў……………………………………………………………3**

**1.Бап.Қарақалпақ жыраўларының тарийхый дереклери ……10**
**1.1. Қарақалпақ жырыўлары тарийхына қыскаша анализ жасаў…………………………………………………………10**
**1.2. Қарақалпақ жыраўларының тәлим-тәрбиялық ой-пикирлери……………………………………….. …………14**
**2.Бап.Қарақалпақ жыраўларының тәлим-тәрбиядағы ролин көрсетиў……………………………………………………24**
2.**1.Соппаслы Сыпыра Жыраўдың тәлим-тәрбиялық ой-пикирлери…………………………………………………………24**
2.2.**Жийен Жыраўдың педагогикалық көз-қараслары..............49**
**2.3.Доспамбет Жыраўдың тәлим-тәрбиялық көз-қараслары……………………………………………………………64**
**Жуўмаклаў……………………………………………………………71**
**Пайдаланған әдебиятлар……………………………………………77**

**Теманың актуаллығы**.Каракалпак халкынын музык мадениятынын тийкарын салыушы онерлеринин бири болган жыраушылык онери асирлер бойы  халкымыздын ен адиули онери есапланган. Халкымыз арасынан каншадан-канша жыаулар жетилисип шыккан.

Атқарыўшылық өнери қарақалпақ халқының  ең ескиден киятырған сүйикли өнерпазларымыздың бир топарын қурайды. Олардың сазы менен сөзи мийнет адамларының тилегине үнлес, тилегине сай болып кледи. Халықтың әдебияты менен искусствосының раўажланыўында белгили дәрежеде үлес қосқан атқарўшылардың хызмети халықымыздың көп әсирлик тарийхының алтын бетлерин толықтырады. Олар өзлериниң келип шығыў жағынан трең тарийхый тамырларына ийе. Қарақалпақ халқының әйймнен киятырған басып алыўшыларға ҳәм үстем топарларға қарсы гүреси, олардың жоқары моральлық қәсийетлери, мийнет қатнасықлары, үрип-әдети, мәденияты атқарыўылар тәрепинен өз творчествосында көркем бояўлар менен сызып берилген. Сонлықтан да халық намаларын сақлаў, раўажландырыў дәстүринде атқарыўшылардың тутқан орны оғада уллы.

Қарақалпақлар аўыздан-аўызға көшип, әўладтан-әўладқа өтип киятырған аўыз еки халық творчествосының бай түрлерине, халық дөреткен музыка мәдениятына, ғайры нағышлыққа искусствоның басқа да халықлық түрлерине ийе болады. таўарға нағыш ойыў, ағашқа нағыш ойыў, зергерлер, жүн жипектен тоқыў қусаған қол өнери ислери- булардың ҳәммеси олардың көп тараўлы искусствосының   мазмунынқурады.

Қарақалпақ халқының бай искусствосы өзиниң дөрелиўи, қәлиплесиўи жағынан коллективлик творчествоға тийкарланады. Буны биз халықтың көркем өнер искусствосы, музыка ҳәм қол өнери искусствосы туўралы сөз еткенде де есапқа аламыз. Бирақ тийкарынан коллективлик творчествоға сүйенилген менен халық талантлыларының индивидуаллық творчествосының улыўма халық искуствосының байыўындағы тутқан ролин кемийтиўге болмайды. Ҳәрқандай коллективлик творчествоның тийкарын индивидуаллық творчество қурайды. Индивидуаллық творчество коллективлик творчествоның басламасы, анығырақ айтқанда, оның беташары болады. Индивидуаллық пенен коллективлик творчествоның арасында беккем органикалық байланыс мудамы ҳәрекетте болады. Коллективлик творчество шын мәнисинде халықлық искусствоның характерли белгилеринен есапланады. Асиресе, бул жағдай қарақалпақ халқының революциядан бурынғы искуссвтосын сөз еткенде анығырақ сезиледи. Халық арасынан шыққан сөз шеберлери-жыраў бақсылар, сазенделер, шеберлер көп жағдайда өзлериниң индивидуаллық өзгешеликлерине қарамастан қабыл етилген дәстурлик мотивлердиң тәсиринде қалып барады.

Қарақалпақ жыраўларының ең дәслепкилериниң аты Соппаслы Сыпыра жыраўдан басланады. Ол атқарған дәстанлар менен бирге еле ол арасында оның «Ғаррыңман», «Ҳе Кенжебай, Кенжебай», «Жатыр едим ғаплетте», т.б. ушырасады. XIII-XVI- әсирлерде қарақалпақ дәстанларының көплеп дөретилген дәўиринде сөзсиз көплеген қарақалпақ жыраўлары болған. Не себептен олардың аты умытылып кеткени белгисиз. «Манас» туўралы жазған өзиниң изертлеўинде М.Аўезов «Манас»ты атқарыўшы әййемги манасшылардың умытылғаны жөнинде айта келип, кейин ала «Манас» ты атқарыўшылардың өзлериниң устазларының атларын санаўлы түрде еске түсирмегенин белгилеп өтеди. Бул жағдай ҳәр бир жыраў дәстанды өзи атқарыўшы есабында көрсетиў мақсетинде қарақалпақ дәстанларының атқарылыўларында да болса керек. Бриақ Асан қайғы атына байланыслы легендалық материаллар, Жийренше шешен атына байланыслы шешенлик сөзлер, олардың аты менен қарақалпақлар арасында усы күнге шекем сақланып келеди.

XVIII әсирде жасаған Жийен жыраў ҳаққында бираз аңыз материаллар бар. Жийен жыраўдың устазының ким екенлиги туўралы ҳеш қандай мағлыўмат жоқ. Тек шамалаў ретинде оның «Бозаман», «Қурбанбек», «Ерқосай», «Ерсайым», «Жазкелен», «Алпамыс», «Қырық қыз», «Ҳажыгерой», «Ерзийўар» дәстанларын атқарғанлығы ҳаққында пикирлер бар. Жийенниң шәкиртлериниң қайсы жыраў болғанлығы да белгисиз. Қурбанбай жыраў «Қырық қыз» дәстанының ақырында Жийенниң шәкирти ретинде Халмурат жыраўды, Халмураттың шәкирти иретинде Шаңкөтти, т.б. көрсетеди. Халмурат XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында жасаған жыраў. Жийен менен екеўиниң арасында 100 жылдан асламырақ дәўир бар. Жийеннен баслап бизге шекемги белгили жыраўлардың арасындағы қатнас пүткиллей еле шешилмеген мәселе. Буны айтып отырғанымыз, қарақалпақларда жыраў, бақсышылық, устаз ҳәм шәкирт болыў формасында раўажланған. Жыраў болыў ушын устазға ериў, оннан пәтия алыў, устазын пир тутыў ҳәзирге шекем бузылмай келген дәстүр.

Қарақалпақ халқының аўыз еки атқарылатуғын дәстанлары устаз ҳәм шәкиртлик жолы менен бир жыраўдан екинши жыраў үйренип, атқарыў процесин үзликсиз басынан кеширген. Усы процесс нәтийжесинде дәстанларда жийи тәкирарланатуғын традициялық орынлар менен формалар пайда болған ҳәм қәлипилескен.

**Теманың изертлениў дәрежеси.** Қарақалпақ жыраўларының творчестволық өзгешелигин үйренгенде, усының менен кең мәниде қарақалпақ эпосларының көркемлик

өзгешелигин түсиниўде бизиң дәўиримизде жасаған Қурбанбай, Есемурат, Қыяс жыраўлардың творчестволық өмир баяны айрықша қызығыўшылық туўдырады.

Қарақалпақ халық поэзиясының бизиң дәўиримиздеги ең ири ўәкиллеринен есапланған халық жыраўы Қурбанбай Тәжибаев ең үлкен импровизатор жыраў болды. Кишкентайында мал бағып, көп қыйыншылықларды бастан кеширген. Нуратадаға Халмурат жыраўдан, төрткүлли Жийемурат жыраўдан, қоңыратлы Нурабылла жыраўдан тәлим алған. Қарақалпақ ҳәм өзбек дәстаншыларының традициясын шеберлик пенен өзлестирген, жыйнаған тәжирийбелериниң ҳәммесин өзиниң индивидуаллық импровизаторлығына ушластырып, традициялық дәстанларды үлкен индивидуаллық өзгешелик пенен жырлаған, ҳәтте айырым ертеклерди дәстанларға айландырыў мүмкиншилигине ийе болған. Қурбанбай жыраў қарақалпақ дәстанларының идеялық ҳәм көркемлик дәрежесин халықлық тийкарда көрилмеген дәрежеде көтериўде үлкен новаторлық ислейди. Мысалы, ол жырлаған ҳәм басып шығарылған «Қырық қыз», «Ер зийўар», «Қаншайым», «Қурбанбек», т.б. дәстанлар усындай, әсиресе «Қырық қыз» дәстанында Қурбанбай жыраўға тән болған шеберликтиң барлық жыйынтығы бар.

Қурбанбай жыраў «Қырық қыз», «Ер зийўар», «Қаншайым», «Қурбанбек», «Бозаман», «Ерқосай», «Алпамыс», «Ҳажыгерей», «Ерсайым», «Жаҳанша», «Шийрин-Шекер», «Қоблан», «Шора», «шәрияр», «Илимхан», «Сәлимжан», «Хатамтай», «Меңлиқал», «Жәнәдил», «Гүлдирсин әпсанасы», «Балтекей улы Фару» дәстанларын айтатуғын еди. Көп дәстанларды есте сақлап, оларды творчестволық атқарыўы жағынан Қурбанбай жыраўдың басқа қарақалпақ жыраўларынан өзгешелиги бар. Оның творчествосы арқалы эпостың дөрелиўинде жыраўдың роли, жыраўдың дәстанларды дөретиўде ертедеги тарийхый ўақыяларды, ертеклерди, легендаларды шебер пайдаланыўы, ҳәр қандай поэтикалық традицияға новаторлың жолдас екенлиги, ўақыттың яғный белгили бир дәўирдиң эпосқа тәсири, традициялық дәстанлардың идеясының ҳәм көркемлик өзгешеликлериниң қаншама бурыннан исленгенлигине, тәкирарланатуғынына қарамастан жыраўдың индивидуаллық талантына байланыслы өзгериске ушырайтуғыны жөнинде жәнеде толып атырған мәселелерге жуўап табылады. Қурбанбай жыраўдың басқа жыраўдан артықмашылығы - импровизация тийкарында жаңа нәрсени дөрете алыўшылығында болды. Бул туўралы В.М.Жирмунский «Импровизация ҳәм жаңадан дөретиўшилик процесси традициялық рамкада дәстанлардың формасын өзгертип айтыўшылық, эпос халық турмысында жанлы қубылыс болып қалып отырған барлық жерлердеги жыраўлардың аўызша атқарыўында ушырасады», - деп жүдә дурыс көрсетеди.

М.Аўезов та өзиниң «Манас» туўралы изертлеўинде эпостың атқарыўшылары жөнинде айта келип, олардың талантлыларының эпосқа творчестволық қатнасын бийкарламай, «ҳақыйқат, ҳәммеге белгили болған джомокчулар (жыраўлар-М.Қ) ҳаққында сөз еткенде олардың эпикалық қосықлардың дөреўине жеке қатнасын да сөзсиз айтыў керек»,- деп жазады. Қурбанбай творчествосын баҳалағанда жоқарыдағы еки пикирдиң дәл келетуғынын айтыў керек. Қурбанбай жыраўдың өмири ҳәм творчествосына байланыслы фактлар, оның көп ўақытларды басынан кеширгенлиги, көп ғана импровизатор жыраўлардан үйренгенлиги, көп жерлерде болып, халық поэзиясының байлықларын мүмкиншилигинше кең ҳәм ҳәр тәреплеме өзлестириўи оның жыраўшылық шеберлигиниң артыўына негиз салды. Қурбанбай жыраў атқарған дәстанлардың көпшилиги, әсиресе солардың ишинде «Қырық қыз» дәстаны ҳасыл идеялары менен бирге халық тилиниң байлығы тийкарында дөретилген ҳәм әпиўайы, ҳәм сулыў көркемликке ийе. Сонлықтан Қурбанбай жыраў берген «Қырық қыз» дәстанының варианты халқымыз тәрепинен үлкен сүйиўшилик пенен баҳаланады.

Қурбанбай жыраў жоқарыдағы көрсеткенимиздей халық ертеклери, легендалары тийкарында «Қаншайым», «Меңлиқал», «Гүлдирсин» т.б. дәстанларды дөретти. Олардың гейпаралары баспа сөзде шықты. Усы жағдайлардың ҳәммесин есапқа алыў менен, ол атқарған дәстанларда дөретиўши ретинде де оның пайының бар екенлигин бийкарлаўға болмайды.

Бизиң дәўиримиздеги белгили қарақалпақ халық жыраўының биреўи Есемурат жыраў Есемурат Нурабылла жыраўдың баласы ҳәм шәкирти. Оның репертуарында ең ири традициялық қарақалпақ дәстанларынан «Алпамыс», «Едиге», «Қоблан», «Шора», «Шәрияр» дәстанлары, терме-толғаўлар бар. Ол қарақалпақ дәстанларын жақсы ҳәм толық билетуғын жыраў. Сонлықтан оның атқарған дәстанлары мазмуны ҳәм көркемлиги жағынан ең баҳалы аўызеки халық поэзиясының үлгилеринен есапланады. Есемурат жыраўда шайырлық қәсийет бар. Бул қәсийет оннан жазылып алынған дәстанларда айқын көринеди.

**Теманын максет хам уазыйпалары.** Жумыстын тийкаргы максети келешек ауладка Каракалпак жыраулары доретпелерин уйретиу, ондагы тарбияга сай болган ой-пикарлерди жузеге шыгарыу жумыстын тийкаргы максетинен есапланады.

**Изертлеўдиң илимий жаңалығы.** Атқарыўшылар улыўма қарақалпақ әдебият, искусствосында ядыкешлик ҳәм импровизаторлық дәредси жағынан оғада күшил өнерпазлар болып есапланады. Олар небир қыйын намалар, мыңлаған дәстан қатарларын

ядлап алып, узақ-узақ таңларға созылған кешелерде халқымызға руўхый ләзет бағышлады. Олар актер жоқта-актер, сахна жоқта-сахна, солист жоқта-солист ўазыйпасын атқарып, өнер мәдениятымыздың халыққа таратыўшы шеберлери болды. Сонлықтан халық өз атқарыўшыларын терең ҳүрметлеп, олардың атқарыўшылық талантына таң қалып иләҳийда кәраматлы күш деп түсинди.

Қарақалпақлар арасында Соппаслы Сыпыра жыраў ҳаққында көп ғана легендалар, аңызға айланған ҳикметли сөзлер кең таралған. Булардың ҳәммеси де оны қарақалпақ жыраўшылық искусствосының атасы сыпатында көрсетеди. Қобыз шертиў, жыр жырлаў, яғный жыраўшылық искусствосының ең дәслепки дереги ҳәзирги қарақалпақ жыраў-бақсылары Коркыт ата хам Соппаслы Сыпыра жыраўлар аты менен байланыстырады.

Мине усылардын доретпелериндеги тарбиялык характерлерин ашып бериуден ибарат. Себеби бул багдарда аныкрак айтсак, бул бойынша арнаулы турде илимий изертлеу жургизилмеген. Сонын ушында биз буны хазирги дауирдин ен актуал маселеси деп карадық.

**Изертлеудин методлары:** Педагогикалык анализ, баклау, анкета, сорау-жуўап, саубетлесиу, педагогикалык эксперемент.

**Изертлеудин метадологиялык тийкарлары** Озбекстан Республикасынын констетуциясы, Озбекстан Республикасынын «Талим хаккындагы» нызамы, «Кадрлар таярлаудын миллий дастури», Миллий гарезсизлик идеологиясы: тийкаргы тусиниклери, Озбекстан Республикасы президенти И.А.Каримовтын шыгармалары хам шыгып сойлеулери баян етилген темага байланыслы пикирлер, сондай-ак педагог алымлардын, музыка илимин изертлеушилердин адеплилик эстетикасы хаккындагы коз-караслары, музыка аркалы жасларды адеплилик эстетикасына тарбиялаудын теориялык жактан коз-караслар, илимий-педагогикалык дереклер.

Өзбекстанның келешеги болған жас әўладларымыздың талантын хар тарепleме рауажландырыу хам мадений дарежесин арттырыу, жасларымыздын миллий жане дунья жузлик музыканын суўретлеу коркем онеринин жокары улгилери менен кен танысыуы ушын зарур шараятлар жаратыу, баслангыш музыкалык билимлендириу системасын туп тийкарынан жетилистириу, балалар музыка хам коркем онер мектеплерин рауажландырыу, жане олардын заманагой материаллык техникалык базасын калиплестириу, оларды музыка маденияты хам коркем-онер саласындагы жокары маман педагог кадрлар жане канигелер менен тамийнлеу мақсетинде «Балалар музыка хам

коркем онер мектеплеринин материаллык-техникалык базасын беккемлеу жане олардын жумысын буннан былайда жаксылау бойынша 2009-2014-жылларга молшерленген мамлекетлик багдарлама» хаккында Озбекстан Республикасы Президентинин карары киритилди. (Озбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов. Ташкент каласы 2008-жыл 8-июль)

Изертлеўдиң әмелий әхмийети. Бул магистрлик диссертациядағы билдирилген илимий пикирлер қаракалпакстанның билимлендириў тараўына, тәрбия орынларына өз тәсирин тийгизеди деп ойлаймыз. Педагогиканың ең бир машқалалы тәреплериниң бирин шешеди деп түсинемиз. Бул материяллар ҳәм илимий көз қараслар улыўма билим беретуғын орта мектеплерде, музыка мектеплеринде, колледжлерде, жоқары оқыу орынлары Нөкис Мәмлекетлик Педагогикалық Инстинуты, Қарақалпақ Мәмлекетлик Университетиниң музыка бөлимлери ушын лекция текстлери сыпатында пайдаланыўға болады деп ойлаймыз.

**Натийжелердиң апрабациясы**. Диссертация 2011-жылы Музыкалық тәлим кафедрасының май айының №23 протоколы менен талықлаўынан өткен.

## 1.Бап. Каракалпак жырауларынын тарийхый дереклери

### 1.1. Каракалпак жырыулары тарийхына кыскаша анализ жасау

Қарақалпақ дәстанларын ең сулыў жырлайтуғын жыраўлар қатарына Хожамберген Нияз улы ямаса халық атаған лақабы менен Өгиз жыраў да киреди. Ол жырлаған ҳәм басып шығарылған «Алпамыс» дәстанының варианты қарақалпақ халық поэзиясының ең жақсы үлгилеринен есапланады. Өгиз жыраў «Алпамыс» дәстанының бул вариантында үлкен импровизатор жыраў екенлигин көрсетеди.Асиресе оның дәстандағы тек қосықлары ғана емес, ал қара сөзди де(насыры) шебер уйқасымлы, сулыў етип айтыўы буған дәлил болады. «Алпамыс» дәстанының Өгиз жыраў вариантының көркемлик өзгешелигиниң жоқары дәрежеде екенлигин И.Т.Сағитов та атап көрсетеди. Өгиз жыраўдың дәстанлары халық тилинде сондай шебер жырлайтуғыны ҳаққында Н.Дәўқараев ертеде-ақ өзиниң жыраў- бақсыларға арналған пикирлеринде айтқан еди. Өгиз жыраў шымбайлы Бекимбет жыраўдың шәкирти. Усы жыраўлар қатарына қарақалпақ дәстанларын шебер атқаратуғын Ерполат жыраўды да киргизиўге болады.

Ҳәзирги дәўирде қарақалпақ жыраўларының ең атақлысынан биреўи - Қыяс жыраў 1903-жылы туўылды. Қыяс кишкене ўақтында мал бағады, қосыққа, сазға қызығады. Нурабылла, Турымбет, Абдирасүўли, Ерполат қусаған жыраўларды бир неше рет тыңлайды. Бегмурат деген жыраўға шәкирт болып оннан жыраўшылықты үйренеди. Оның репертуарында «Алпамыс», «Мәспатша»,«Қырық қыз», «Қурбанбек», «Бозуғлан», «Шәрияр», т.б. дәстанлар бар. Ол «Орманбет бий», «Посқан ел», «Ақмақ патша», «Айдос бий», «Шежире»[1] қусаған дөретпелерди де үйренип алып, репертуарына киргизген. Соның менен бирге ол көп ғана термелерди биледи. Өз ядынан қосық шығара алады, шайыршылығы бар. Оның өзи дөреткен ҳәм гейпаралары басылып шыққан «Қобызым», «Заманым», «Дүнья», «Қобыз термеси» т.б. көплеген шығармалары бар. Қыяс жыраў қобызда 40 қа шамалас намаларды шертеди. Олардың ишинде «Нама басы», «Жолшы», «Терме», «Жортыўлы», «Шөласқан», «Ерманнама», «Көз айдын», «Қаныгүл», «Толқын», «Айға шап», «Шаңкөтнама», «Көсе Қосжан», «Келте толғаў», «Уллы зибан», «Асырым», «Шарбейит» т.б. намалар бар. Қыяс жыраў қарақалпақ халық поэзиясын шебер өзлестирген. әсиресе оның ишиндеги дәстанларды сулыў жырлайтуғын, импровизаторлығы ҳәм жыраўлық уқыбы өскен, дәстанлардағы традициялық мазмун ҳәм форманы өзинше жаңалықлар менен байытатуғын сөзи де, сазы да көркем жыраў. Қыяс жыраўдың жыраўлық өзгешелигинде өткен дәўирдеги қарақалпақ жыраўшылығының ең жақсы харатерли белгилери сақланған.

Қыяс жыраўдың саўаты бар. Ол усы мүмкиншилиги арқасында тек аўызша атқарылатуғын дәстанлар менен шекленип қалмастан, китабий дәстанларды да өзлестиреди. Асиресе XVIII-XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятының классиклери Жийен, Бердақ шығармалары менен таныс болып, оларды атқарыўы фольклор менен әдебияттың байланысы мәселелерин айқынырақ ортаға қояды.

Творчествосының өзгешелиги жағынан Қуламет жыраў, Өтенияз жыраўлар да үлкен қызығыўшылық туўдырады.

Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларын тийкарынан жыраўлар атқарғанлықтан, биз ири баслы жыраўлардың творчестволық өмир баянына қысқаша тоқтадық. Усының нәтийжесинде ҳақыйқат қарақалпақ халық жыраўына характерли болған гейпара белгилер жүзеге шығады` 1) олардың басым көпшилигиниң дерлик аўыр мийнетти басынан кешириўи, әсиресе шопан болыўы~ 2) белгили бир жыраўға жыраўшылыққа рухсат бергенше шәкирт болыўы~ 3) сазға, сөзге шеберлик, шайырлық қәсийеттиң болыўы~ 4)

[1] Адамбаева.Т, Жемуратов.М.Жыраў намалары.Нөкис «Қаракалпакстан». 1991.ж.6.б.

тек ғана халық аўызеки поэзиясының үлгилери менен таныс болып қоймастан, әдебияттың үлкен шығармалары менен де қандай дәрежеде болса да таныс болыўы т.б.

Албетте, қарақалпақ жыраўларының басым көпшилигинде шайыршылықтың элементлери болған менен, гейпараларында шайыршылық болмай, тек ядланған текстти өзгертпей айтыў жағдайлары болады. Мысалы, Өтенияз жыраў Ийимбетовта усындай қәсийет бар. Сонлықтан қарақалпақ жыраўларын усы көз-қарастан екиге бөлип, бир топарын шайыр жыраўлар, екинши топарын шайыр емес жыраўлар деп шәртли түрде айтыў мүмкин. Шайыр жыраўлар сөзсиз дәстанның дөрелиўине өз үлесин қосқан. Ал шайыр емес жыраўлардың дәстанның таралыўында, сақланыўында роли күшли болған. М. Аўезов қырғыз эпосы «Манас»тың атқарыўшыларына тоқтап, оларды екиге бөлип, бириншиси-джомокчуларды-қосықшы-импровизатор есабында қарап, грек аэдларына теңесе, екиншиси-ырчылады әпиўайы атқарыўшылар есабында қарап, грек рапсодлары менен салыстырады. Ырчылардың ядлап алған текстти ғана айтып жүретуғынын көрсетеди. М.Аўезовтың бул пикирине В.М. Жирмунскийдиң «Среднеазиатские народные сказители» деген мийнетинде үлкен итибар берип қарайды. Жоқарыдағы пикирлердиң қарақалпақ жыраўларының творчестволық өзгешелигин үйрениўде әҳмийетли екенин айтыў керек.

Биз қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының тийкарғы атқарыўшысы иретинде жыраўларға көбирек кеўил бөлдик. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларын бақсылар да атқарады. Мысалы, «Горуғлы» дәстаны басқалар тәрепинен атқарылады. Қарақалпақ бақсылары өзлериниң эпосқа қатнасы жағынан жоқарыдағы ырчыларға, рапсодларға жақын. Бақлаўларға қарағанда бақсыларға тән текстиң ядланыўы өзгериссиз дерлик тәкирарланыўы усындай жуўмақ ислеўге мүмкиншилик береди. Бирақ буннан бақсылардың қаҳарманлық дәстанларды атқарыўда, олардың гейпара талантлылары тәрепинен, творчестволық импровизация элементлери пүткиллей пайдаланылмайды деген жуўмақ келип шықпаўы тийис. Қарақалпақ бақсыларының көпшилигинде рапсодлық қәсийет тән болған менен, ал олардың өткендеги устазлық дәрежеге көтерилген ири ўәкиллеринен Ақымбет, Муўса бақсылардың, бизиң дәўиримиздеги Ещан, Жапақ, Қаражан бақсылардың қарақалпақ халқының сөз ҳәм саз мәдениятына қосқан үлеслерин ҳеш ўақытта умытыўға болмайды. Атақлы қарақалпақ бақсыларының творчестволық уқыбына байланыслы жыраўлық сыяқлы бақсышылық та қарақалпақ халық искусствосының бир түри болып қәлиплескен. Усы традицияны ҳәзирги күндеги белгили

қарақалпақ бақсылары Амет Тарийхов, Аңсатбай Қайратдинов, Генжебай Тилеўмуратов, т.б. табыслы даўам етип келеди.

Бақсы-жыраўлар менен бир қатарда Жийен, Күнхожа, Бердақ, Ажинияз, Өтеш, Омар, Жаңабай, Аяпберген, Садық, Аббаз сыяқлы халық шайырлары, халықтан шыққан шешен адамлар менен сазенделер, қосықшылар менен ертекшилер, нақылшылар менен жуўабый кисилер, қыссаханлар менен қатықулақ адамлар халықтың көп әсирлик бай фольклорының дөретилиўинде, қәлиплесиўинде, таралыўында, атқарылыўында ҳәм бизиң дәўиримизге шекем жетип келиўинде үлкен творчестволық мийнет сиңирген.

## 1.2. Қарақалпак жыраўларының тәлим-тәрбиялық ой пикирлери

Жазба тарийхый, әдебий-мәдений дереклериниң өзлери жасап турған дәўирлерден кем үйренилгенинен, яки болмаса сол дәўирдеги ҳүким сүрип турған идеологияның миллетлердиң өзин-өзи таныўына тосқынлық жасаўшы искенжелик сиясатынан ҳүрейлениўлердиң тәсиринен болса керек, ғәрезсизликке дейин қарақалпақ әдебиятының сағалары бир тәреплеме үйренилип келмекте. Ҳәттеки, жазба әдебиятымызды, XVI әсирде жасап дөретиўшилик мийнет еткен Жийен жыраў дөретпелеринен баслаўдың өзине, усы дурыс болар ма екен, ол аўызеки әдебияттың атқарыўшысы емес пе дегендей ойлар менен гүманланыўшылар болды. Сонлықтан да айырым тилши, әдәбиятшы илимпазларда XIX әсирге дейин қарақалпақларда жазба әдебият болғанлығын үзил-кесил бийкарлайтуғын пикирлер де ушырасып турды.

Бирақ, бундай жеке-жарым пикирлерге қарамастан, қарақалпақ Адебияттаныў илими илим сыпатында пайда бола баслаған дәўирдерден баслап-ақ әдебиятшылар арасында, қарақалпақ жазба әдебиятының пайда болыў сағаларын ерте дәўирлерден баслаў керек, деген прогрессив тенденция күшли ҳүким сүрип киятыр. Адебиятшыларымыз арасында булл пикирди бириншилерден болып Н.Дәўқараев баслап берди. Ол өзиниң қарақалпақ әдебиты тарийхына байланыслы мийнетлеринде усы XX әсирге дейинги, қарақалпақ әдебияты дәслепки ўақытта ярым фольклорлық, ярым жазба әдебиятлық сыпатта болғанлығын, сол дәўирдеги шайырлардың саўатлы екенлигин, олар өзлериниң шығармаларын қағазға жазып дөреткенлигин, бир неше рет қайта дүзетип, профессиональ шайырлар ретинде көширип жазғанлығын айта келип, улыўма қарақалпақларда XX әсирге дейин-ақ жазба әдебият өмир сүргенлигине Жийен жыраў, Күнхожа, Ажинияз, Бердақ, Өтеш, Омар ҳәм тағы басқа шайырлар дөретиўшиликлери

мысалында конкрет жуўмақлар жасайды.[1] Н.Дәўқараев булл мийнетлеринде, соның менен бир қатарда, Соппаслы Сыпыра жыраўдың жыраўшылық ҳәм шайырлық өнериниң фольклр ҳәм жазба әдебиятқа қатнасы мәселесине азы-кем тоқтап өтип, әдебиятымыз сағаларын усы Ноғайлы дәўириндеги Соппаслы Сыпыра жыраў, Асан қайғы, Жийренше шешен, Досмамбет жыраў типиндеги жыраў-шайырлар дөретиўшилигинен баслаў керек, дегенге усаған пикирлерди алға сүреди.[2] Н.Дәўқараевтың ХХ әсирге шекемги қарақалпақ әдебиятының жазба әдебиятлық характери ҳаққындағы бул пикири 50-жыллардың ақырларында Б.Исмайлов баслап берген (Исмайлов Б. Қарақалпақ классик әдебиятының жазба әдебиятлық характерлиги ҳаққындағы мәселеге «Амиўдәрья», 1959, № 3) әдебия дискуссияға қатнасқан А.Пахратдинов, Қ.Султанов, С.Ахметов, Қ.Мақсетов сыяқлы әдебиятшы алымлар тәрепинен толық тастыйықланды.[3]

Ал, 60-жыллардың ақырлары менен 70-жыллардың орталарында қарақалпақ жазба әдебиятының сағаларын ерте дәўирдерден (Ноғайлы дәўирипикирди Қ.Айымбетов, М.Нурмуҳаммедов, И.Сағыйтов, К.Мәмбетов, Қ.Мақсетов, А.Муртазаев, А.Пирназаров усаған илимпазлар теориялық жақтан дәстиярлы дәлиллеп, әмелиятқа кеңнен енгизилди. Мысалы**:** академик М.Нурмуҳаммедов «Қарақалпақ жазба әдебиятының дәўири ҳаққында» («Амиўдәрья», 1968-жыл, №6), профессор И.Т.Сағыйтов «Адебият тарийхын қайсы дәўирлерден баслаў керек» («Амиўдәрья», 1968-жыл,№11), Қ.Мақсетов «Соппаслы Сыпыра Жыраў», К.Мәмбетов «Және де әдебиятымыздың төркини ҳаққында», «Қарақалпақлар XII-XIII әсирдерде», «Ноғайлы заманы ҳаққында ойлар, «Аййемги түрк тиллес халықлар әдебиятының жазба естеликлери ҳәм оның қарақалпақ әдебиятында қәлиплесиўинде тутқан орны», «XVI-XVII әсирлердеги қарақалпақ әдебияты», ҳ.т.б. мақалалары жәрияланды.[4]

К.Мәмбетов усы изертлениўдиң жуўмағы тийкарында 1976-жылы «Аййемги қарақалпақ әдебияты» монографиясын жәриялап, соңынан усы темада докторлық диссертация жақлады. (1984-жыл). К.Мәмбетов буннан кейин де булл тема әтирапында «Фольклор ҳәм жазба әдебият» (НМУ баспасы,1978), «Ерте дәўирдиң әдебий естеликлери» (Нөкис, 1986) китапларын шығарды. Усы дәўирде И.Сағыйтов қарақалпақ жазба әдебияты сағаларын ҳәттеки, XII-XIII әсирлердеги түркий тиллесхалықларға ортақ

---

[1] Даўкараев.Н. Революцияга дейинги каракалпак адебияты тарийхынан очерклер. Нокис.ККМБ.1961.18, 119-120-бб

[2] Дәўқараев Н. Силтеме исленген мийнети, 22-23-б.б.

[3] Пахратдинов.А, Алламбергенов.К. Каракалпак адебиятындагы сагаларынын fesptrb хам жазба адебий дереклери. «Әмудраья». 1010.№3 сан 95.б.

[4] Сонда.96.б

жазба естеликлеринен баслаў керек деген пикирди де ортаға таслайды. (Сағыйтво И. «Қарақалпақ әдебияты тарийхының гейпара мәселелери». Соңынан булл дәўир К.Мәмбетовтың «Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты» (1992) монографиясында жеткиликли дәрежеде үйренилди.

Усындай изертлеўлердиң нәтийжесинде ҳәзирги күнде XIV-XVIII әсирлердеги қарақалпақ жазба әдебияты тарийхы, жоқарыда атлары аталған жыраў-шайырлар дөретиўшилиги мысалында кеңнен үйренилип атыр.

Бул орнында фольклорист Қ.Айымбетовтың «Қарақалпақ халық жыршылары» (жыраў-шайырлары-А.К.) «Қарақалпақ аўыз-еки әдебияты менен жазба әдебиятын байланыстырыўшы көркем сөз шеберлери»[5] деген пикирлерин және де тереңлестирип: «Қарақалпақ әдебиятының тарийхын изертлегенде, жазба әдебияттан бурын жыраўшылық традициясына да кеўил аўдарыў керек»[6] деген усыныс билдирди.

Бул демек, ерте дәўир қарақалпақ жзаба әдебиятының сағасын ерте дәўирдеги жыраў-шайырлар дөретпелеринен баслаў керек, деген сөз. Бул демек, ерте дәўирдеги жыраў-шайырлар дөретиўшилиги фольклор менен реалистлик әдебият синтезиниң уйғынлығының мысалы ғана болып қоймастан, ҳақыйқый индивидуаль жеке даралық дөретиўшилик үлгиси де болып табылады, деген сөз. Булл демек, қарақалпақ әдебиятының сағлары XIV әсирдеги Соппаслы Сыпыра жыраў дөретиўшилигинен де аррағырақ, анығырағы IX-X әсирлердеги Қорқыт ата дөретиўшилигине барып ушласады, деген сөз. Себеби, ҳәзирги қарақалпақ көркем өнери менен фольклористикасында да қарақалпақ жыраў-шайырлары мектеби XIV әсирдеги Соппаслы Сыпыра жыраў мектебинен де бурынырақ IX-X әсирлердеги Қорқыт ата жыраў-шайырлық мектебинен басланады, деген пикир күшли ҳүким сүрмекте.

Ҳақыйқатында да, Қорқыт ата дөретиўшилиги қарақалпақ жыраў-шайыршылық өнериниң сағаларында турады. Себеби, Қорқыт ата өмири ҳәм дөретиўшилигинң сыпатлы белгилери бойынша да қарақалпақ руўхый мәдениятына жүдә жақын келеди. Буны биз төмендеги дәлиллер ҳәм фактлерден айқын көриўимизге болады.

Қорқыт ата культиниң түрк халықларына ортақ екенлигин ең биринши реет тән алған илимпаз В.В.Бартольд болды. Ол өзиниң «Қорқыт ата» деген мақаласында «Қорқыттың гөри» ҳаққында түркмен аңызын келтирип, Қорқыт культи Оғуз түркмен сыяқлы

---

[5] Қ.Айымебтов. «Халық даналығы» Нөкис: Қарақалпакстан, 1988.-7-б.

[6] Пахратдинов.А, Алламбергенов.К. Каракалпак адебиятындагы сагаларынын fesptrb хам жазба адебий дереклери. «Әмудраья». 1010.№3 сан 95.б.

Сырдәрьяның төменги қуярлығында жасаған Қырғыз (печененг-қарақалпақ А.К.) қәўимине де ортақ екенлигин тастыйықлайды.

Биз Қорқыт ата ҳаққында В.Бартольд келтирген булл аңыздың қарақалпақлар арасында кеңнен таралып «Қайда барсам, Қорқыттың гөри» деген турақлы сөз дизбеклерине айланып кеткенлигин есапқа алатуғын болсақ, Қорқыттың қарақалпақларға да ортақ екенлигине ҳеш гүман келтирмеймиз.

Енди Қорқыттың жыраўшылық өнери бүгинги Орайлық Азия аймақларында жасаўшы әййемги түрк халықлары, соның ишинде қарақалпақ халқының жыраўлық мәдениятының сағаларында турғанлығы мәселесине келсек, М.Жирмунскийдиң «Огузский героический эпоси», «Книга Коркутағ деп аталатуғын үлкен мийнети булл мәселениң ҳақыйқый беташары болып хызмет етеди. Булл мийнеттиң «Бамси Байрак» и «Алпамыш» деп аталған бөлимлеринде «Бамси Байрак» жырының «Алпамыстың» қоңырат версияларына (қарақалпақша версиясына) өзиниң тийкарғы сюжетлик линиясы, қаҳарманлардың генетик бирлиги, идея ҳәм образлар системасы, қаҳарманлық мотиви бойынша жүдә жақын екенлигин айтып, «Бамси Байрак»-«Алпамыс»тың ең дәслепки оғуз-печенег версиясы екенлигин дәлиллейди.

«Бамси Байрак» ты, улыўма «Қорқыт ата» китабындағы нақыл сөзлер менен жырларды қарақалпақ фольклоры, әсиресе қаҳарманлық дәстанлар менен байланыстырып изертлеў тенденциясы соңғы ўақытлары қарақалпақ илимпазларының мийнетлеринде де кеңнен орын алмақта. Мысалы: көркем өнер изертлеўшиси А.Алламуратов қарақалпақ жыраўшылық мектебин XIV әсирдеги Ноғайлы жыраў-шайырларының атасы Соппаслы Сыпыра жыраўдан емес, IX әсирлерде Сырдәрьяның төменги ағысында жасаған Қорқыт ата дөретиўшилигинен баслаў керек, деген идеяны алға сүрсе, белгили фольклорист Қ.Айымбетов пенен әдебиятшы Қ.Мақсетов, С.Бахадырованың мийнетлеринде Қорқыт ата қарақалпақ жыраў-шайырларының пири, қобызды ойлап тапқан белгили сөз устасы, өз заманының жетик данышпаны, ойшыл, жыршы-атқарыўшы ҳәм көрнекли сөз шебери, дөретиўши сыпатында баҳаланып, оның китабындағы гейпара жырлар қарақалпақ дәстанары менен салыстырып изертленеди. Олар бул изертлеўлеринде «Алпамыс», «Едиге» сыяқлы дәстанлардың қарақалпақ версиясындағы қаҳарманлық мотивлер менен мифологиялық сюжетлердиң желиси «Қорқыт жырлары» на барып ушласатуғынлығын айтады.[7]

---

[7] Пахратдинов.А, Алламбергенов.К. Каракалпак адебиятындагы сагаларынын fesptrb хам жазба адебий дереклери. «Әмударья». 1010.№3 сан 97.б.

Улыўма, булл мағлыўматлар менен илимий жуўмақлар қарақалпақ жыраўшылық, шайыршылық өнериниң сағасын Қорқыт ата дөретиўшилигинен баслаў керек, деген пикирге толық тийкар бола алады. Бирақ, булл мәселениң бир тәрепи ғана. Себеби, ерте дәўирдеги қарақалпақ жазба әдебияты тек ярым фольклорлық, ярым жазба әдебиятлық сыпатындағы Қорқыт ата, Соппаслы Сыпыра жыраў, Асан қайғы, Досмәмбет жыраў, Жийренше шешен сыяқлы жыраў-шайырлар дөретиўшилигинен басланады, десек, мәселеге және бир тәреплеме субъектив позициядан қатнас жасаған боламыз. Булл жыраў-шайырлар дөретиўшилиги ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебиятының бир қанаты сыпатында түсиндирилиўи керек. Себеби, булл дәўирде еки типтеги көркем өнер сөз шеберлери әдебиятқа тең қатар дөретиўшилик мийнет еткен. Булардың биринши-биз жоқарыда атап өткен фольклорлық дәстүр мектеби тийкарында келип шыққан импровизаторлық қәсийетке ийе болған жыраў-шайырлар болса, екиншиси-Орхон-Енисей дәўиринен, бәлки, оннан да илгери заманлардан берли түркий жазба әдебият дәстүрлерин садық даўам еттирип киятырған дөретиўши көркем сөз шеберлери болған. Бул екинши типтеги көркем сөз шеберлериниң дөретиўшилигинде жазба әдебиятқа тән китабый стиль басым орынды ийелеген.

Мине, ерте дәўир қарақалпақ әдебиятының усы сыпатлы белгилериниң өзи де оның пайда болыў ҳәм қәлиплесиўиниң тийкарғы дереклери қарақалпақ фольклоры дөретпелери менен бир қатарда жазба әдебиятқа тийисли мийраслар болғанлығын және бир мәрте тастыйықлайды. Буның биришисиниң мысалы сыпатында 100 томнан аслам қарақалпақ фольклоры үлгилериниң бар екенлигин айтып өтиўдиң өзи-ақ жеткиликли. Ал, жазба әдебий дереклери мәселесине келетуғын болсақ, әдебиятшыларымыздың көпшилиги усы күнге дейин VI-VIII әсирлердеги Орхон-Енисей битиклеринен тартып, IX-XIV әсир аралықларында дөреген «Оғузнама», «Қорқыт ата китабы» китабый варианты, «Түрк тиллериниң сөзлиги» (М.Қашқарий), «Қыпшақлар сөзлиги» («Кодекс куманикус»), «Бахытқа баслаўшы билим» (Юсуп Ҳас Ҳажиб), «Ҳақыйқатлар сыйлығы» (Ахмед Югнакий) дөретпелери менен бир қатарда Беруний, Ахмед Яссаўий, Сулайман Бақырғаний, Рабғузий, Суўпы Аллаяр, Хорезмий, Ал Кердерий усаған түркий тиллес халықларға ортақ әдебий-тарийхый тулғалардың көркем дөретпелерин ерте дәўир қарақалпақ әдебиятының пайда болыўы сағасында туратуғын жазба әдебий дереклер сыпатында тән алып келди.

Бул пикирлерге биз де толық қосыламыз. Деген менен, цсы жазба дереклер менен оларды дөреткен әдебий-тари йхый тулғалардың қайсы-қайсыларын қарақалпақ мәдениятына көбирек жақын, олардың ишинде кимлерди ерте дәўир қарақалпақ жазба

әдебиятының баслаўшылары деп тән алыўға болады, деген мәселе қарақалпақ әдебияттаныў илиминде елеге дейин ортаға қойылмаған, басы ашық машқалалардың бири болып қалып отыр.

Тарийх, тил, этнография ҳәм әдебият тарийхы илиминиң берген мағлыўматларына қарағанда, ерте дәўирлерде-ақ ески Туран топырақларында, Хорезм, қарақалпақ диярларында жазба әдебият, жазба әдебий тил өмир сүрген. Себеби, халқымыздың тарийхы жүдә ерте дәўирлерден басланатуғынлығы ҳәм оның руўхый мәдениятқа оғада бай халық болғанлығы ҳаққындағы гәп халық аўзында да, жазба әдебий дереклерде де көптен бери өмир сүрип киятырғанлығы ҳәммемизге мәлим.

Ҳәзирги тарийх илиминиң көрсетиўинше, қарақалпақ халқының әййем заманлардан берли ана-журты, ата-мәканы усы ҳәзирги Қарақалпақстан Республикасының жайдасқан жери. Олардың ең ески ата-бабалары бизиң эрамыздан бурынғы VII-V әсирлерди Аралдың қубла-шығыс бойларында жасаған Сак-Массагет қәўимлери. Массагетлердиң өзлери бир қанша қәўимлерден ибарат болған, солардың ишинде апасиак қәўимлери қарақалпақлардың тийкарын салыўда үлкен рол ойнайды. Сонлықтан академик С.Камаловтың пикиринше, апасиакларды қарақалпақлардың ең биринши атамасы десекте болады.

Илимпаз келтирген бул мағлыўматларға қарағанда, бизиң эрамыздан бурынғы I әсирдиң баслары менен бизиң эрамыздың IV әсирлери аралығында Арал бойларына шығыстан көплеген гуннлар келеди. Булардың үстине VI-VIII әсирлер аралығында шығыстан түрклер келеди. Бул руўлардың (яғный апасиак, гунн, түрклердиң) араласыўы менен апасиаклардың тийкарында печенеглер аўқамы пайда болады.

Печенеглердиң пайда болыўы-бул қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўиндеги екинши этап болып табылады ҳәм «печенег» сөзи қарақалпақлардың екинши аты деўге болады, деп жазады илимпаз. –Шығыс печенеглериниң «қарақалпақ» деген атамаға ийе болыўы да мине усы дәўирлерге, яғный VIII-XI әсирлерге туўры келеди. (Камалов.С. «Қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи ҳәм оның мәмлекетшилиги тарийхынан». Нөкис: ӨзРИАҚҚБ «Хабаршысы» на қосымша, 2001. №3, 3-10-б.б.)

Ал, енди түркиялы Зия Куртер қарақалпақлар VIII-X әсирлерде Маўереннахрда усы атама менен халық болып қәлиплескен, деп көрсетеди. «Мына сөзимде қәте жоқ»,-деп жазады ол.-495-567-жыллар аралығында қарақалпақлардың шығыс Түркстаннан урысып келип Маўереннахрға қоныс басқанынан үш-төрт әсирлер кейин (VIII-X әсирлерде С.К.) сол жерлерде өз этник формасына ийе болған.

Демек, ҳәзирги тарийх илиминиң көрсетиўинше, қарақалпақлар ҳәзирги атамасын ата-журтларында, Амиўдәрья бойларында Х-ХI әсирлерде-ақ алған мәмлекетлик дүзим де қарақалпақларда анық халық болып қәлиплесиў ўақтынан, усы дәўирлерден басланған. Себеби, Амиўдәрьяның төменги қуярлығында, Арал теңизиниң қубласында VII-XIII әсирлерде Хорезм мәмлекетинен ғәрезсиз дәслеп печенеглер аўқамы, кейин Кердер деп аталған мәмлекет өмир сүрди. Қарақалпақлар усы әсирлерде халық болып қәлиплести ҳәм усы жерде дәслеп печенеглер кейин (Х-ХI әсирлерде) қарақалпақлар деген атқа ийе болды.

Бул узыннан-узақ тарийхый ҳүжжетлер силтемеси бизге, бириншиден, қарақалпақлардың тарийх майданында халық сыпатында қәлиплесиўи де, мәмлекетшилигиниң пайда болыўы да ҳәзирги Қарақалпақстан аймағында Х әсирге туўра келетуғынлығына ҳеш қандай гүман туўдырмаслығы, екиншиден, тарийх илими менен тәғдирлес басқа илим ўәкиллерине де илим-пәнимиз, әдебиятымыз, мәдениятымыз тарийхын қайсы дәўирлерден баслаў керек, деген орынлы саўал қойыўға түртки болып, оның жуўабын табыўға жәрдем берери сөзсиз. Неге дегенде, булл ҳүжжет бизге халқымыз тарийхы ҳаққында ғана дерек берип қоймастан оның тили, руўхый мәденияты, этнографиясы, сөз ҳәм саз өнерлериниң төркини ҳаққында да ойланыўға мәжбүр етеди.

Ҳақыйқатында да, халық бар жерде руўхый мәдeният та, халықтың тили де, әдебияты да, көркем өнери де, этнографиясы да өмир сүриў керек. Буларсыз халық халық атағын алыўы мүмкин де емес. Сонда халқымыз Х әсирде тарийхта өз алдына халық сыпатында келип шыққан болса, онда оның усы әсирлердеги руўхый мәденияты қандай формаларда өмир сүрген, булл мәденияттың мәнис-мазмуны қандай болған, бул мәденияттың дөретиўшилери кимлер, олар қалай жасап, қалай дөретиўшилик мийнет еткен, олардың баслы дөретпелери қандай, дегенге усаған сораўлар соңғы ўақытлары қарақалпақ әдебияттаныў илиминиң ўәкиллерин де ой-толғанысларға салып атырғанлығы анық.

Дурыс, бул сораўларға бирден жуўап табыў аңсат емес. Себеби, жоқарыда көрип өткенимиздей, бүгинги күнге шекем ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты тарийхы XIV-XVIII әсирдеги Соппаслы Сыпыра жыраў, Асан қайғы, Жийренше шешен, Досмәмбет, Мүйтен ҳәм Жийен жыраў өмири дөретиўшиликлери мысалында үйренилер еди. Енди, 3000-жыллардың басындағы тарийх илиминиң жаңалығы бойынша ерте дәўир қарақалпақ әдебияты тарийхына басқаша көз-қараста, миллий ғәрезсизлик идеялары ҳәм идеологиясы көз-қарасына жаңаша ой жуўыртыўымызға туўра келеди. Себеби, халқымыз ҳәзирги қарақлапақ атамасы менен Х-ХI әсирлерде халық сыпатында толық қәлиплесиў дәрежесине жеткен екен, онда бизиң жазба әдебиятымыз, мәдниятымыз тарийхы да усы

әсирлерден басланыўы керек. Ал, дүньялық мәдениятта қандай халықтың болмасын, миллий жазба әдебиятының дәслепки дереклери, сағалары, олардың қәўимлик, урыўлық процесстен халықлық процесске өтиўи менен басланады, делинген. Қарақалпақлар, бул халық болып қәлиплесиў процесин әййемнен өзлериниң ата-мәканы есапланаған ҳәзирги Қарақалпақстан аймақларында, даңқлы Хорезм диярында V-VI әсирлерден баслап IX-X-XI әсирлерге шекемги аралықларда бастан кеширген. Сонлықтан да қарақалпақлар Хорезмди өз жерим, өз елим деп мақтаныш етеди. Қарақалпақлар өз ўатаным деп мақтаныш тутқан Хорезм патшалығы болса бул дәўирлерде өз илим-пәни ҳәм мәдениятының бийбаҳа қүдирети менен пүткил дүньяға белгили болды. Бул жер тарийхта әййемги Хорезм деп аталды. Адамзат күш-қүдирети ҳәм дәўлети ҳаққында халқымыз «Хорезм ҳаққында әпсана», «360 әўлийе ҳаққында аңыз», «Хорезм патшалығы ҳаққында ертеклер», «Ҳаяллар патшалығы», «Хорезм ҳикаяты», усаған бир қанша әпсаналар, ертеклер, аңызлар, термелер, толғаўлар, тарийхый жырлар дөретти. «Едиге», «Қырық қыз», «Мәспатша» сыяқлы дәстанлар менен классик шайырларымыздың қосықлары, поэма, дәстанларында Хорезм-туўылған топырақ ана-журт сыпатында сүйип жырланады. Мысалы, Ажинияз шайыр Хорезмди**:**

Жайлаўым-Үргениш, арқасы теңиз,

Жаўрыны қақпақтай маллары семиз,-деп тәриплесе, Бердақ шайыр оны**:** Түркстан, Хорезм-мәканым мениң, Бес қала, теңиздиң әтирапы-елим-деп мақтаныш етеди.

## 2.Бап.Каракалпак жырауларынын талим-тарбиядагы ролин корсетиу

## 2.1.**Соппаслы Сыпыра Жыраўдың талим-тарбиялық ой-пикирлери**

Сыпыра жыраў қарақалпақ халқының Алтын Орда ҳәм Ноғайлы дәўириндеги жазба әдебиятының үлкен классик шайыры, қарақалпақ жыраўлары мектебиниң тийкарын салыўшы. Оның даңқы Еделден Донға шекем аралықты, Арал теңизи менен Каспий жағалаўын, Қырым менен Кавказ орталығын мәканлаған қыпшақлар менен маңғытлар, ноғайларға кең ен жайған[1].

[1] Әлеуов.Ө.Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы.Нөкис «Қаракалпақстан» 1993.ж.233.б

Жыраў Шыңғысханның Орта Азияны жаўлап алыўы тусынан Тайхушхан ҳәм баласы Тоқтамысхан дәўиринде, Алтын Орданың ҳәлсиреў жылларына шекемги аралықта Маңғышлақ әтирапында, Жайық дәрьясы бойында ҳәм ноғайлар дың пайтахты Сарайшықта жасаған. Өмири ҳаққында мағлуматлар «Ғаррыңман» жырында әдеўир сөз етиледи. Жыраў барқулла басына бийик сопбас кийип жүргенликтен, Сопбаслы Сыпыра жыраў деп аталған. Отыз ул баласы болған. Ол Алтын Ордадағы Тоқтамысқа шекемги болған тоқсан алты ханды көрген. Онбир-онсегиз хан бас қосқан жыйынларда өзиниң нәсият термелерин айтқан. Көп жасаған шайыр 180 жасқа шығып өледи.

Диний түсиниктеги жыраў атақлы патшалардың, уллы адамлардың сарқытын көп жеп, алғысын көп алғанлығынан «олардың дуўасының берекетинен» узақ өмир сүрдим деп ойлайды. Шайырдың данышпанлығына ҳәм көп өмир сүргенлигине қайыл болған халық «ҳәзирети қыдырды жети мәрте көрген, дуўасы мустажап» адам деп оны кәраматлы кисилер қатарына қосады. Ол айрықша талантлы, үлкен ақыл ийеси еди. Оның қартайып қалдан кетип атырғанда да «таңлайында бүлбилдей сайрап-атқан тили бар»лығы айтылады. XIV әсирдиң 30-жылларында Сарайшықта болған тарийхшы Ибн Бутта түрклердиң бул жыраўының уллылығы ҳаққында еске түсирген еди.

Шайыр жасаған өмири ишинде жыраўлық өнерин көрсетип, Алтын Орданың көп еллерин аралайды. Оның «көрмеген журты жоқ еди» бул қубылыс данышпанның зийреклигин тағыда арттырды.

Жыраў Алтын Орда халықлары миллетке бөлинбеген дәўирдеги қыпшақ қәўиминен шыққанлықтан, сол ўақыттағы бул халықлардың барлығының ортақ данышпан ойшыл шайыры есапланады. Усы себепли Сыпыра жыраўдың әдебий дөретпеси, жыраўлық өнери қарақалпақ, қазақ, ноғай, башқурт, халықлары арасында кең тарқалған ҳәм усы халықлардың ҳәзирги илимпазлары оны ата-бабаларының қыпшақ бирлеспесиндеги уллы көркем сөз шебери деп кең көлемде изертлеп атыр.[2]

Жыраў Дәшти-қыпшақта үстемлик еткен көп ғана ханлар менен ушырасты. Ол ҳәр бир ханның жәмийетти, халоықты услап тутыў сиясатын, олардщың өз-ара жасаў шәриятындағы халықтан талап еткен әдеп-икрам талапларын, елге келтирген абаданшылықлары менен аўырманлығын ақылға салып таллаған, бақлап барған үлкен социолог еди. («Ғаррыңман»). Әсиресе шайырдың ишки жәмийетлик турмыс мәселелеринде ханға ақыл берип мәмлекеттиң идеологиялық ислерине тиккелей араласып жасаўшылығы адамлар минез-қулқын жақсылаў арқалы жақсы жәмийетти қәлиплестирип

[2] Әлеуов.Ө.Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы.Нөкис «Қаракалпақстан» 1993.ж.234.б.

шығарыў концепсиясы объектив түрде тәлим-тәрбия мәселесине, жаслардың унамлы қәлиплесип шығыўы машқаласына дыққат бөлиниўине алып келди. Бул қубылыс оныңм өз өнерин көрсетиў үстинде, ханлар сарайында, халық алдында бәрқулла адамгершилик мазмундағы ақыл-нәсият бериўши толғаўларды жырлаўынанда көринеди. Оның дөреткен әдебий мийрасларының ишинде «Едиге» дәстаны айрықша әҳмийетке ийе. «Аўыз айғақ, тил тайғақ», «Ғаррыңман», «Төрелер», «Қырымның қырық батыры», «Бир дегенде не жаман»[3] ҳәм т.б. толғалары тек поэтикалық шығарма емес, усының менен бир мазмунында жаслар ушын ақыл-нәсият кең орын алған тәлим-тәрбияға арналған дедактикалық поэзияның бәлент үлгилери есапланады.

Шайыр дүньяға көз-қарасы бойынша ислам тәлийматына сүйенеди. Заманласы Берке хан қабыл еткен ислам дининың тәлийматлары менен дәстүрлерине садықлық көрсетеди. Ол «Аўыз айғақ, тил тайғақ», «Жатыр едим ғәплетте»[4] толғаўларында өзиниң дүньяға деген көз-қарасын, жаратылыс ҳаққындағы түсиниклерин баянлап, тәбияттағы жанлы, жансыз нәрселердиң барлығын дөретиўши, ҳәттеки адамлардың жанын бериўши де Алла-таала екенин, бул дүньяда тек қудай ғана жаратыўшылық қүдиретке ийе ҳәм жер-жәҳәнге бийлик жүргизетуғын тийкарғы ҳүкимдар есапланатуғынын тән алады. Усы себепли ислам тәлийматына сүйене отырып «Ҳақыйқый патша Аллады» деген пикирди айтқан.

Сыпыра жыраў күтә көреген, турмыс тәжирийбелеринен топлаған билими мол, өмирдиң барлық тараўынан хабары бар ҳәм оларды салыстырып алыўшылығы, қандай нәтийжеге әкелиўшилигин алдын-ала дурыс бақлаў уқыбына ийе, кеўли ўәлийадам болған. Усы жетискенлигин сезген Тоқтамыс хан Едигениң (Кубағулдың) ата-тегин жорып, анықлап бериўин талап етип жыраўды сарайға алдырады. Сонда Сыпыра жыраў зулымлығы жүзине шығып турған ханға қарап` «ўақты келип сен де хан болдың, билемен, мени өлтиресең, бырақ маған буның менен ҳеш нәрсе болмайды, қашшан ақ мениң гөрге тисиўим керек еди, егер сен мени өлтирсең, зулымның қолынан өлген адам сыпатында мен бейишке бараман дейди. Бул пикирлерге қарағанда Сыпыражыраўдың дүньяға көз-қарасында ислам тәлиматындағы жанның өлмейтуғынына исенип, ол дүньяда «қыямет қайым қурылып, өлген адам тирилип» қайтадан өмир сүриў басланатуғыны, бейиш ҳәм дузаққа барыў иушын сораў-жуўап болатуғыны ҳаққындағы түсиниклер орын алған. Тоқтамыс хан шақыртып, Нураддин алып кетиўге келгенде әйтеўир иске ханның

---

[3] Әлеуов.Ө.Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы.Нөкис «Қаракалпақстан» 1993.ж.235.б

[4] Сонда 224.б.

зулымлық ететуғын минез-қулқын түсинип, өлер ҳалда қартайып жатырған Сыпыра жыраў`

Әзирейил Малақулмаўыт,
Алпыс еки тамырдың бәнтине,
Шеңгел салып,
Пәнийден тил қатпаға,
Кештим бе екен деп едим.

деген пикирлерди баянлайды. Усы толғаўларындағы басқа философиялық ой жуўыртыўлар оның дүньяға тийисли тәлимат тийкарында пикир жүргизгенин жәнеде толықтырған.

Сыпыра жыраўдың жәмийетлик-философиялық көз-қарасларында тек кәмбағал, жарлыларды ғана емес, ал «үстем класс ўәкиллерин жақлаў тенденциясы да байқалады». Бул оның дүньяға көз-қарасындағы улыўма халықлық идеялардың баслы дыққат орайында болғанлығын түсиндиреди.[5]

Шайыр Шыңғысханның ҳәм оның әўладларының инсанды аяўсыз қырып, адамзат ушын зулымлықтың ҳәдден тыс қан ағызыўшылық түрлерин қолланып турған дәўиринде дүньяға демократиялық мақсетте қатнас жасап, адамгершиликти жақлаў тәрепинде турады. Ол инсанды қәстерледи. Адамзат әтирапындағы барлық мәселени шешиўде әдилликке, тыўрылыққа бас ийиўди талап етти. Өз мақсетинде, тутқан бағдарында беккем турған жыраў әдилсизлиги ушын ҳәттеки ханға, патшаға, оның ўәзирлерине ҳәм төрелерине сын берди. Ҳақыйқатлықты бузыўшының ким болыўына қарамастан айыплы иси ушын минеп, адамгершиликли болыўын, инсанлық ақыл менен қарар шығарыўын, пикир жүргизиўин талап етти.

Жыраў «Аўыз айғақ, тил тайғақ» толғаўында жәмийетлик түрмыста жақсы ҳәм жаман күнлердиң болатуғынын, нышанлы образлар менен баянлап жәмийетке талқылаў жасайды. Тоқтамыс дәўиринде халықтың ҳәм ханлықтың ыдырап баратырғанын, ҳүкимдардың халықты әдиллик пенен басқармаўшылығынан деп түсиндиреди. Буған қосымша хан қасындағы ҳәмелдарлардың халық ушын хызмет ислемей, ала-аўызлықта, бузықлық ҳәрекетлерге мейил болғанлығына қатты ренжийди. Зулымлық ислерге Тоқтамыс ханның өзи ырық берип қойғанына күйинип, жәмийетти басқарыўдағы бул

[5] Әлеуов.Ө.Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы.Нөкис «Қаракалпақстан» 1993.ж.236.б

кемшиликлерин оның бетине айтады` «Жан алсаң да, қолыңнан жан бермеклик келмейди» деп ханның тек зулымлық ислегенин, халық ушын хайырлы етпейтуғынын әшкаралайды. Шайырдың «Төрелер» жәмийеттиң басқарыў топарындағы гейпара хан ҳәм оның ҳәмелдарларының жаман ислерин әшкаралаўға арналған. Олар халықты услап тутыўдағы жаўызлық ис-ҳәрекетлерин ашық түрде жүзлерине айтып, зулымлық, жаманлық қылўалар ислемей, өзлерин тута билиўди үйрениўи кереклигин ядларына салады. Базы феодал ҳәм байлар өзлериндеги жаман әдетлердиң надурыслығын түсинип, өзлерин-өзлери қайырлы ислерге бағдарлаўы мүмкин деп үмит етеди.

Сыпыра жыраўдың «Атаңа нәлет Кенжембай» (Кенжембай Тоқтамыстың бас ўазири) деп басланатуғын шығармасында жәмийетлик турмыс, оны басқарыўдағы жеке адамлардың роли де сөз етилген. Асиресе елдеги жақсы менен жаманды айырыў мәселесинде әдил шешимге келиў, жәмийетлик қубылысларды объектив баҳалаў, хан яки қара пухара ма бәрин халық түсинигиндеги жақсылық ҳәм жаманлық өлшеми менен қабыллаў кереклигин айтқанлығын байқаймыз.

Шайыр сөз етип отырған усы толғаўында Тоқтамыстың жәмийетлик басқарыў ислерине жарамас адамларды тартып атырғанлығын, хан әтирапына елди басқарыўға нәсили жақсы адамлар араласса ғана халыққа дурыс басшылық ететуғын, нәсили пәс, қара сүйеклерди ханлықтың басқарыў уйымына тартыў керек емеслигин, булар «жесир қатын,жетим ул»дың ҳал-аўҳалына жаны ашымайтуғынын билдиреди. Оның бул сияқлы мәмлекет басшыларының жақсы ҳәм жаман қылықларына таллаў жасап, гейпара унамсыз әдетлерине нәлет айтыўлары жәмийетлик көз-қарасларындағы өлкен жетискөенлик еди.

Жыраў жәмийетлик-тумыс ҳаққындағы көз-қарасларында елдеги аўырыўшылық ҳәм жаўгершиликтен ата-аналары өлип, жетим қалған балалардың, жесир ҳаяллардың турмыста қыйыншылық аўҳалда өмир сүрип атырғанын, бул жағдайларда елди басқарып турған патша ҳәм оның әтирапындағы хызметкерлердиң халық мәпине, журттың абаданласыўына емес, ал жеке өзлериниң дүньяпаразлыққа берилгенинен болып турған қубылыс-деген жуўмаққа келеди ҳәм бул қубылыслардың жәмийетлик-теңликти бузатуғынын, халықтың жасап турған заманға наразылығын күшейтетуғынын нәзерде тута отырып, Тоқтамыс сыяқлы елдиң ең жоқарғы ҳүкимдарынан жәмийеттеги балалар тәғдирин ойлаўды, жесир қатын, ғәрип-қәсерлерге адамгершилик пенен қатнас жасаўды талап етеди`

Өзиниң журтын бүлдирген,
Әл аманға келтирген,

Қозғалаң салған журтына,

Жесир қатын, жетим ул,

Тыңламай дадын жылатқан,

Шайтан жолдан шығарған,

Ақыбетин сорасаң,

Сизлерди көрген ғаррыңман.

Усы ашшы минеў астында шайыр жетим, әменгерсиз балалардың инсан сыпатындағы қуўанышы, бахытты көсеўи, адамгершилик руўхының аяқ асты болмаўы, бул ушын ханлық тәрепинен ғамхорлық жасалыўы кереклигин абайлатқан.

Шайыр «Қаршыға қустың баласы», «Ай-билең қуяштың өлгени» деп басланатуғын қосықларында балалар тәғдирин, баланың тәрбияланып өсиўинде ата-ананың үлкен хызмет атқаратуғынын, бала ер жеткенде  турмыстан дәкки жеп қапа болмаўы, күнделикли тиришилик ислерине уқыпсызлық көрсетпеўи ушын жас ўақытта ҳәр тәреплеме шаққанлыққа қәлиплесиўи, жасы үлкенге иззет, халыққа хызмет етиўди үйрениўи зәрүрлигин ескертеди. Ата-ана перзентлеринусындай жетискенликлерге сай етип асырамаса бала үлкейгенде хор болады. Жыраўдың пикиринше бул ата-ана ушын өлим менен барабар үлкен қайғы`

Ата-ананың өлгени,

Баланың хорлық көргени

Шайыр инсанның келешеги жаслар екенин нәзерде тута отырып, ҳәр бир әке өз балаларына жас ўақытта ақыл, өнер үйретиў парыз екенлигин, қартайған мәҳәлде перзентлерине үйреткен бул ақылы, берген тәрбиясы өзине хызмет ететуғынын да баянлайды.[6]

Сыпыра жыраў «Бир дегенде не жаман» деп баслайтуғын толғаўында жасап атырған жәмийетлик турмыс шариятына бола тәлим-тәрбия исиниң тийкарғы өзеги болған үлкен яки мәселеге дыққат аўдарды` улды-ақыллы, билимли етип жетилистириў~ қызды әдеп-икрамлылыққа, ийбелиликке тәрбиялаў.

Жыраў баланың өз шаңарағындағы көрген-билгени, әдетлери жаслайынан сиңип баратуғынын, шаңарақтағы тәрбиялық дәстүрлердиң мазмуны жаслардың қәлиплесип

[6] Әлеуов.Ө.Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы.Нөкис «Қаракалпақстан» 1993.ж.235.б.

шығыўына зор тәсир жасайтуғынын, атаға қарап ул өсер, анаға қарап қыз өсетуғынын, өрнек. үлги алып, усап өсиўдиң үлкен тәрбиялық қубылысындай мазмундағы минез-қулықта болатуғынын, қуллардың өз перзентлерине жәмийетлик аўҳалынан жақсырақ дәрежеде тәрбия бериўге шәрияты жоқлығынан балалары қулға усап ер жететуғынын, жаслар жасап атырған орталық ҳәм тәрбия тәсиринде қәлиплесетуғынын`

Бай баласы байға усар,
Байланбай өскен тайға усар,
Бий баласы бийге усар,
Бийик-бийик шынға усар,

Хан баласы ханға усар,
Қул баласы қулға усар.

деп жазады.

Жыраўдың жасларға айтқан ақыл-нәсияты толы мийрасларында жаслардың адамгершилик жақтан унамлы қәлиплесип шығыўына айрықша дыққат бөлинген. Адамның тиришиликтеги тийкарғы мақсети халыққа хызмет етиў, жақсылық келтириў, оның барлық тәғдирине ортақ, пидакер болып жасаў деп ескертеди. Усы себепли шайыр жаслардың ер жүрек, батыр болып тәрбияланып шығыўын гөзлеп` «Қырымның қырық батыры» деген арнаўлы толғаўын дөреткен. Ол батыр, қаҳарман, адамлардың тәрбияланып жетилисип шығыўы, ел ишине бахытлылық, жақтылы күн әкелетуғынын ескертеди. Буны`

Елдиң нурлы болғаны,
Батырының туўғаны,

деп жазған еди.

Шайыр адамлар арасында халық талап еткен унамлы минез-қулыққа жат, жаман қылықлардың орын алыўының бир себеби адамлардың әдилликке бас ийип, барлық мәселеде ҳағына жүриўшиликке тәрбияланбағанлығынан деп түсиндиреди. Адилсизлик, дурыс төрелик айтпаўшылық ҳүкимет басшыларында, хан ҳәм оның ҳәмелдарларында көп гезлесетуғынын, бул қубылыс халыққа зыян келтириў менен биргеликте турмыста

жаслардың әдилликти көрип, оның нәтийжесин түсинип ер жетиўине жаман тәсир көрсететуғынын нәзерде тута отырып`

Төрелесип келгенде

Төресин бузса бий жаман»[7]

деди.

Сыпыра жыраўдыў жасларға айтқан нәсиятларында, адамлардың тиришилик ушын гүресинде мийнеттиң роли зор екенлигин нәсиятлаўы, жәмийетлик турмыста инсанлардың уйымласып бир аўқамда жасаўының уллылығын түсиндириўи, жаслардың өз-ара дослық, бир-бирине инсанлық тилеклесликте жасаўшылығын қуўатлаўшылығы да кең орын алған. Асиресе жаслардың жүрис-турысындағы өз-ара әдеплиликке, сыйласықта жасаўға көнликтириў абзаллығын нәсиятлаўлары үлкен мәселе етип қойылған.Ол жаслардың сыйласықлы татыў жасаўы, жасы үлкенлер алдында әдеп сақлап оларға ҳүрмет көрсетиўи` «улықтан бурын кишиктиң сөйлемеги жоқ»лығын тутыўы лазымлығын, бул қубылыс ийбели, тәрбиялы жасларға тән жетискенлик екенлигин, ал сабырсыз, парасаты жоқ, жасы үлкенди ҳүрметлемеўшиликти жаман әдет деп бундай минезден қашық болыўды талап етеди. Данышпанның бул пикирлери ҳәзирде үлкен әҳмийетке ийе.

Жыраў дүньяға көз-қарасында теистлик тәлиматқа, ислам талапларына сүйене отырып, тәрбия исне жәмийетлик турмыс талап еткен бағдарда пикир жүргизди. Тәрбияның мақсети баланы келешек турмыста қыйыншылықсыз өмир сүриўге үйретиўдеп түсиндиреди. Қызлар әдеп икрамлылығы менен, ул-балалар ақыллы болыўшылығы менен айрықшаланыўы тийис деген пикирлерди баянлаған. Оның мүлкен адамгершилик пенен жетим-жесирлерге ханлық тәрепинен ғамхорлық туўдырылыўын, дурыслы тәрбия берилиўин талап етиў зор жетискенлик болды. Шайыр тәрбия шаңарақлық үрип-әдеттиң үлкен тәсири болатуғынын, тәрбия жәмийетлик турмыс ҳәм шаңарақ шариятында ғана әмелге асатуғынын, сол ушын қул баласы қулға усайтуғынын, тәрбия жәмийетлик аўҳалына байланыслы әмелге асатуғынын ескертеди.

Сондай-ақ жасларды унамлы минез-қулықлы болыўға тәрбиялаў мәселесинде алды менен ўатанды сүйиўшиликти, халыққа хызмет етиўди, жәмәәтшилик пенен адмгершиликти, жасы үлкенди сыйлаўды, әдалатлы болыўды, ҳәттеги әдилсизлиги ушын ханға да қарсы шығыўды, дос инақ, аўызбиршиликли, мийнетти сүйип жасаўға үйретиў дәстүрлерин қуўатлады ҳәм адамлар усындай минез-қулыққа ийе болса жәмийетлик

---

[7] Сонда.1980.119.б.

турмыс, инсаный мүнәсибетлер жақсыланады деп түсинди. Сопбаслы Сыпыра жыраўды усы түсиниклери ҳәзирги дәуирде де үлкен данышпан, ойшыл жыраў дәрежесинде халқымыз ишинде сақланып қалыўға миясар етпекте.

Қарақалпақ халқының көрнекли шайыр – ойшылы Жийен Аманлық улы дөретиўшилигинде XVIII әсирдеги жәмийетлик турмыс кең көлемде өз сәўлелениўин тапқан. Данышпанның дүньяға, жәмийетке көз – қарасы, жасларды адамгершиликке қәлиплестириў ойлары қарақалпақ халқының жаўгершиликке толы қыян – кести заманы мазмуны менен байланыслылықта жузеге келген.

Ол қарақалпақлардың Туркстанда, Жаңадарьяда жасаған ўақтында дүньяға келген шайыры. Халық 1760-1762 жыллары мәкан басқан бул жерлерден Хорезмге, түслик Арал әтирапларына посқыншылыққа ушырап көшиўинде бүлгиншилик ўақыяларды араласып жүрип басынан кеширген, халықты жигерлендириўши тәсирли сөзи ҳәм қобызының сазы жәрдеминде жол бойы жубатып, тоқтаў сөзлер айтып, келешек күнлердиң үмитлендирип, ақыл - нәсиятлар берип халқы менен бирге көшкен еди.

Шайырдың творчествосына ҳәм өмири жөниндеги дереклерге[1] әсиресе «Ҳә ханымыз, ханымыз» атлы дыққат аўдарылса, Жийенниң оқымыслы, халық тарийхын ҳәм ханлар тарийхын жетик билген, ханлардың жәмийетти басқарып, бийлеў бағдарын жақсы түсинген, олардың жетискенлигин ҳәм кемшилигин анализлей алыў дәрежесине жеткен социолог болғанлығын абайлаймыз. Жийенниң турмысқа бақлаў жүргизиўи инсанлар бахтына кесе болып турған тийкарғы себепқоңсы ханлардың өз - ара урысыўы, бир елди екинши елдиң тонап, қырып кетиўи, адамларды раўажландырып жибергенлиги екенлигин байқаўға миясар етти. Бул қубылыс дөретпелеринде жәмийетлик мәселелериниң баслы орын ийелеўине алып келди.

Шайырдың творчествосын айырым илимпазлар Жаңадарья бойындағы ҳәм Түслик Арал әтирвпындағы деп екиге бөлип қарайды. Ол «Посқан ел», «Уллы таў» атлы ири мәселелерди қозғаған поэмалар және көп ғана терме - толғаўлар дөретип; терең пикирли машқалаларды көтерип шықты. Әсиресе оның толғаўларынан жаўгершиликке ушырап посып жүрген халықтың балаларының тәғдири, жетимлердиң қыйын аўҳалы, жаслардың тәлим - тәрбиясы айрықша орын алды. Булар шайырдың дүньяға ҳәм жәмийетке көз - қарасы менен байланыслылықта баянланылды.

Жийен Жыраўдың дүньяға түсиниги, жаратылыс қубылысларына сер салып бақлаўы өзинен бурынғы Алтын Орда ҳәм Ноғайлы заманындағы шайыр ойшыллардың

---

[1] Каримов.А.Жийен Жыраўдың өмири ҳәм тваорчествосы. Нөкис, ҚҚМБ, 1963.

философиялық талийматларына сүйениўге ҳәм оны өзинше жаңа тарийхый жағдайларға сай пикирлери менен даўам еттириўге алып келди. Поэзиядағы терме - толғаў түрин өз усылында жетилистире отырып усы жанрға тән шеберлик арқалы жәмийетке, дүньяға көз - карасларын баянлады. Көпшилик шығыс данышпанлары сыяқлы Жийен Жыраў да өзиниң философиялық талийматында пантеистлик түсиниклери менен танылды.

Шайыр дүнья жаратылысының, тәбияттағы жанлы-жансыз мақлуқатлардың барлығының дөретиўшиси, пайда етип отырған ийеси бар бул-қудай. Қудай гүллән нәрсени жаратып, оны бийлеп басқарып турыпты. Ол инсанның да, хайўанатлардың да сораўын сорайтуғын, жәбирленбей жүриўин гөзлеп отыратуғын панасы. Дүньяда сораўсыз, өзинен-өзи жатқан яки жүрген нәрсе болмайды. Барлық заттың келип шығыў дереги ҳәм сүйениш таўы, исеним билдиретуғын таянышы бар. «Ҳәркимниң бардур ийеси» деп жазып дуньядағы барлық мақлуқатлардың артында жаратқан пәрўардигар турыпты, олар қудайдың жаратқан затлары, сол ушын қәстерленилиўи, абайлап сақланыыўы, екинши биреўлер тәрепинен хорланып азапланыўға түспеўи тийислилигин айтты. Егер бундай жағдай орын ала қойған гезде қудайдың қәҳәрине ушырайтуғынын, жәмийеттеги мақулланғанинсаный әдалатлықты бузғаны ушын Алла-таала тәрепинен жазаланатуғынын түсиндирди. Қудай барлық нәрсени береди ҳәм алады. Адамның жүримин узақ яки келте, оны ул-қызлы, бахытлы, бахытсыз ететуғын да усы дүньяның ийеси-Алла-таала деп түсинди.[2] Ҳәттеги шайыр елдеги қыйыншылық турмыстың, аўырманшылықлардың, болып турыўы дәслептен халықтың тәгдирине жазылған, буған шыдаў керек ҳәм оны жеңиў лазым, деп ойлады инсанға шыдамлылық қыйыншылықларды жеңиў ушын керек. Жәмийетте инсан тәғдириниң қыйыншылықлы жағдайға түскенлигине ашынған шайыр:

Әўере ушын жаратқан
Әзелди бизди қудайым

Деп, балалық ўақтынан-ақ тағдириниң бурыннан жазылғанлығын, көретуғын азабы көп екенлигин, балаллық бахытлылықтың буйырмағанын тән алады. Шайыр буның менен тәғдирге шекленип қалыўдың тәрептары болмады. Тәғдирдеги жазылмышты инсанның өзи жақсылаўға талапланып, умтылыўы керек-деген жуўмаққа келеди. Усы арқалы шайыр болмыс, инсанның өмир жолы пешанаға жазылған деген түсиникке шекленип қалмады. Ол турмыс тәсирлерине, жәмийеттеги ҳәр қыйлы қубылысларға ҳәм қудайдың күнделикли

[2] Әлеуов.Ө.Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы.Нөкис «Қаракалпақстан» 1993.ж.272.б

турмысқа қатнасына пикир жүргизип қудай гейде адамлардың өтинишине, көрип отырған азапларына сабыр парасатлық пенен қарайды. Адамлардың кими муңлы, кими зарлы, кими посып отырғаны, «қабыл болмай көз жасы», тилеги орынланбаўының себеплери де усыдан деди.

Шайыр қырғын урыстан бүлгиншиликке ушыраған еле ушын бундағы бийгүны төгилип атырған қанды тоқтатыў ушын күйип-жанып Алла-таалладан жәрдем сорады. Оз мәпин ойлап емес, ал, гүллән халық мәпин гөзлеп, бахыты тайғаннан соң, қуты қашқан жеринен айырылып атырғанына қудайға жылап, кеше- күндиз тиленип, ығбал сорап жалынады. Бырақ

Қудай маған бермеди,
Бир нәрсениң өзинде,-

деп тилек етиў, жалбарыныў жәрдеминде қудайдан ҳеш нәрсе өндире алмағанын баянлады. Жийен Жыраў өз мәпине емес, ал халқының тәғдирине жаны ашып күйип-жанғанлықтан қудайға наразылық күйинишин, бендешилик наласын билдирди. Бул оның қудайға қарсы болғаны емес еди, ал қудайдың аянышлы жағдай бойынша тез шешим ислемегенлигине бенделик шыдамсызлығы еди.[3]

Усы түсиник пикирлери жыраўдың қудай жөнинде жәнеде тереңирек ойланыўына алып келди. Қудай жердеги бенделериниң исине сырттан бақлап турыпты, адамлар бирин-бири қыйнап-азаплап атырсада, яратқан пәрўардигер оларға араласпайды, әсиресе адамлар жаўгершиликтен бүлинеп атырса да оларға «қудай сая салмады» деп Аллатааланың жердеги ҳәдийселерге қатнасы болмай турғанлығын  баянлады. Қудай адамлардың өзине ықтыярды берип, адамларды өзин-өзине жиберип ең соңғы жуўмақты ақыретте күтеди деп, буны адамлардың билиўи лазымлығын баянлады. Бырақ қудайдың усы сабырлы исин айрым адамлар есапқа алмай, ол дүньясын ойламай турмыста түрли ислерди қылып жүр. Дүнья, жәмийет ақыллылық пенен басқарылмай бийликти келте пәмли адамлар жүргизди. Елди абаданластырыў усылын билетуғын тәжирейбели басшылар басқармады. «Қолы жеткен шоштыйып, үлгизис тон шешилди». Нәтийжеде жәмийетти басқарыў, елди услап тытыў бойыншаалып барылған ислер исенимли, мәлим режеге тийкарланбай жүргизилгенликтен, жол-жобасыз, елдиң посып, бүлгиншиликке душакерлесиўине алып келди. Халықты басқарыў жолын жетик билетуғынлар болмады. Жәмийет дурыслы, халық

[3] Әлеуов.Ө.Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы.Нөкис «Қаракалпақстан» 1993.ж.273.б

мәпин ойлайтуғын, билимлилик пенен басшылық ететуғын адамға ийе емес еди. Усы себепли`

Алды менен басшысы,
Еки ийнин жалмады,
Бузық болды ийшаны,
Әдилсиз болды қазысы

ҳәм булар халықты аўқамластырып, аўыз биршилигин күшейтип топлаў орнына, еки жақлап, үш жақлап елдиң тоз-тозын шығарып тарқатып шығарды. Адамлар турмысында әбигершиликти күшейтип жиберди. Ақыбетинде «Ай жигитлер, жигитлер, заманымыз тар екен, Көмекейде турғанды, Айталмастай күн екен» деп замандағы теңсизлик ақыбетинде ким күшли болса басқалардан тартып алыў есабынан жақсы турмыс соныки болғанлығын «хан менен бийлердиң айтқанына көнбесең, сыбаған қанлы дарға» айналатуғын айтып, елди зулымлық пенен услап- тутыўға қарсы екенлигин түсиндирди.

Шайырдың бул пикирлери «Ҳә ханымыз, ханымыз» атлы заманындағы ел басшысына жазған толғаўында тағыда мазмунлы пикирлер менен толықтырылған. Бунда өтмиштеги тарийхий жасап өткен ханлардың елди басқарыўын, олардың еткен жақсы, жаман ислерин дизип баянлап, ертедеги қәтерели Қара хан, залым Тәўке хан, Айдар хан, патша Искендер, Жамшид, Сулайман, Ердарап, Султан Махмуд, Шыңғыс хан, Бабашхан, дин мусылман патшасы ўәлийлилла Әлийхан т.б. барлығында халықты қатал, зулымлылық пенен басқарды, бырақ халықтың баласын сендей зулым, зулым болып гүўенлеп қойдай қырған жоқ деди. Усылай етип Жийен заманлас ханларындағы өз халқына ҳәдден тис жәбир келтириўин қаралады. Олардың жәмийетти басқарыў тәртибин сынға алды. Халықтың ғамын ойлаўын талап етти. Елди тоқ турмысқа жеткериўди айтты. Себеби ашлық, жоқшылықтың тәсиринде инсанлар арасында адамгершилик пәсейип кетиўи мүмкин. Жәмийеттеги ашаршылық гейде адамлардың бузылыўына, «Адамға Адам қарамай», өз басын алып кетиўине алып келеди деди. Ел тоқ, абадан болса халық жақсы минез-қулықлы, биреўге меҳрибан, кеўли хош болады. Адамлардың урты томпайып, шалқайып жүриўи, бүлбиллер сайраўы, шады қурамлыққа бөлиниўи тоқшылықтың арқасында. Ел, халық ғурғынласып тойынып, нәтийжеде

Тоқшылықлар улғайып,
Биригип ҳәмме ойнадық.

деп инсанлардың кеўил кейпине, тәрбияланып қәлиплесип шығыўына жәмийетлик турмыстың абаданшылығы үлкен тәсир етеди. Елдиң тоқшылығы менен халықтың бир-биреўге мириўбети өз ара байланыслы деп жуўмақ жасаған. Усы себепли жәмийеттеги орын алып турған қыйыншылықлы жағдайға оны басқарып отырған хан ҳәм ханның жанындағы ақылгөй кеңесшилери гүналы. Олар елди бирликте мәсләҳәтлесип басқарыўы кереклигин түсиндирди ҳәм арнаўлы түрде «Хан қасындағы төрелерге» бул туралы терме толғаў бағышлады. Олардың «сөз тымсалын аңлап», елди басқарыўшы ханға асып-саспай, парасат пенен дурыс ақыл берип отырыўын, егер бул жүзеге аспаса ханлық ҳәлсирейтуғынлығын пытырап, өзинен төменлерге бағынышлы болатуғынын, халықтың бүлгиншиликке түсетуғынын айтты. Елдиң, ханлықтың беккем, қуўатлы болыўы ханның қасындағы жәрдемши ақылгөйине де байланыслы екенин баянлады. Жәмийетти ойласып басқарыў  лазымлығын, сонда халық тәғдирине тийисли алжасық болмайтуғынын, бунда халықтың ғаниймет турмысы, елдиң келешеги жаслардың тәғдири олардың адамгершиликке толы жақсы тәлим тәрбия алыпөсиуйи мәселелери баслы орында турыўы нәзерде тутылды.

Шайыр ҳәр бир ата-ананың уллы яки қызлы болыўын шаңарақ бахытлы деп есаплады.[4] Перзентти шаңарақ ийеси қудайдан сорап алады, деген түсиниктеги Жийен шаңарақ ийеси атаның ул баласы болыўын күтә зәрүр санады. Ул әкеге мәдет, сүйениш, турмыслық ислерде жәрдемши болады деп ойлағанлықтан.

«Мениң атым Жийенди,  
Ул бермеген ийемди»,-

деп қудайды ул бермей қысып қойғанын, улға зар еткенин, сол ушын гейде турмыслық әдилсизликлерде қолы келтесин, кемтарлық болып туратуғынынтуўысқаны азлық, ул баласы жоқлық әдалатсызлық турмыслық тартысларда кемлик келтиретуғынын айтты. Ул қызлы болыў ушын адам өзин қудайдың көрсеткен жолы менен алып жүриўи керек, жаман минез қулыққа, пәс пейилликке~ иши қаралыққа түспеўи лазым. Бундай жағдайда адам уллы болса да бахытлылыққа ерисе алмайды. Жаман пейлинен~ «ул берседе қудайым, таўып жүрмен кийемди» деп пушайманға түседи. Әсиресе ул-қызды қундақлап, бөлеп өсиретуғын бесикти қәстерлеў керек. Оны өз өмириниң даўамшысы, баланың

[4] Әлеуов.Ө.Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы.Нөкис «Қаракалпақстан» 1993.ж.275.б

жататуғын кийели уясы болғанлығы ушын ҳүрмет етиў орынлы. Бесиктиң ишинде баланың руўхы сақланып турады. Оны аяқ асты қылып хорласаң кесепатына ушрайсаң, бесикке бөлейтуғын перзент көрмейсең, көрсеңде бахытлы болмайсаң.

Бесик теўип жасымда,
Таўып жүрмен сазамды

деп өтинишке түсесең. Сол ушын балалар тәрбияланып өсетуғын барлық нәрселерди иззет етип қараў керек. Бул өсип өниў ушын, келешекте перзентли болыў ушынжақсы ырым деп есаплады. Жақсы нийет, дәстүрлерди сақлап ул-қызлы болып болып қуўанышқа бөлениў ата-ана тийкарғы байлық , дәўлет бахыт. Усы бахытты қолда услап тырыў ушын оларды жақсы тәрбиялаў керек. Бул ушын ата-ана өз перзентин хор-зар қылмай өсириўи тийис деди.

Ол семья тәрбиясы менен нәсиллик мәселесиниң өз-ара байланысы беккем екенлигин түсинди. Бала тәрбиясында семьялық аўҳалдың ҳәм дәстүрлери ондағы көрген-билгенлериниң тәсири сақланатуғынын, семьядағы гедейшилик, жоқшылық адамлардың көргенли, турмыслық нәрселерди ақыл менен шешетуғын болып жетилисиўине базда кесент беретуғынын байқады.

Аштан тойған байымас,
Қанша бахты қонса да,
Кәтқуда болып жарымас,[5]

деп жоқшылықтан тойынған адамның гейде усы тойыныўшылықты раўажландырып алып кете алмайтуғын, себеби избе-из бурыннан көрип өспегенликтен гейде буған тәжрейбеси жетпей қалатуғынлығын, нәтийжеде қанша ығбалы жеңип турсада елге басшылық етип оны бийлеп кетиў уқыбына ерисе алмайтуғынын айтты. Семья тәрбиясы ондағы көргенлилик жаслардың қәлиплесиўинде үлкен қатнасқа ийе екенлигин баянлады. Бала семьяда жақсы тәрбияланыўы ушын ол үйде жақсы турмыфста, молшылықта жасаўы үлкен аҳмийетке ийе болатуғынын инабатқа алыўды ескерткен.

Егер бала жетимликте қалса дурыслы тәрбия алыўға ерисе алмайды ҳәм зәрүр тәлим-тәрбия көрип жетилиспейди. Бала жаслайында жетим қалса өмири хорлықта өтеди,

[5] Жийен Жыраў. «Посқан ел» Шығармалар жайнағы. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1981, 21.б.

жетимлик перзенттиң дурыслы тәрбия алып өсиуўине кесент беретуғын үлкен бахытсызлық деди ҳәм жәмийетлик тумыста балалар тәғдирине әсиресе жетим-қәўендерсиз жасларға жәрдем көрсетиў зәрүрлигин, олардың саналы тәрбияланып шығыўына айрықша дыққат бөлиў кереклигин машқала етип қойды. Жетимлик, жаслай турмыс азабын көриў, тийисли тәрбия алмаўшылық жаслардың рухый ҳәм жисм жағынан дурыс қәлиплесиўине алып келеди. Дардай азамат болатуғын балалардың қойлар бағып жасынан, шарға болған бойлары көрер көзге, еситер қулаққа унамлы ис емес. Асиресе балалардың ишерге аўқат таппай «Тамағы жоқ аштан-аш үйдеги ыслық ишинде жатыўы аянышлы аҳўал екенлигин сөз етти. Елдеги урыс-қырғын, басқыншылық пенен талап алыўлар алды менен балаларға жаман тәсир ететуғынын, урыс нәтийжесинде олар жетим-жесир қалатуғынын, дурыс тәрбия, оқыў-билим ала алмайтуғынын «жесир қатын, жетим улдың ўайраны шығатуғынлығын, түсиндирди. Тыныш отырған елди жаўып-тонап кетиўшилик әсиресе балалардың басына аўыр жағдай түсиреди. Олардың жас өмири қыйыншылықта, хорлықта өтеди. Хан ҳәм бийлер, халық басшылары ел тәғдирин ойламаса, олардың аўҳалына ғамхорлық көрсетпесе заман кем-кем жаманласады.

Нан таба алмай адамзат,
Қапылған қара заманда,
Ийттен бетер хор болып

сергизданлыққа түседи. Қудайдың жаратқан бендеси, инсанды хор етиў кеширилмес гүна. Буны елдиң басшылары ойланып көриўи тийис. Адамларды тәртипке, инсапқа, ханлар менен бийлерди өз-ара түсинип қоңсылықта татыў жасасыўға шақырыў керек. Адамлар да бир-биреўге мүриўбетли сыйласықлы болыўы лазым. Ашлық, жаўгершилик адамды қыйын турмысқа гириптар етеди. Бундай жағдайда «не бир ақыл-даналар ақылынан сасады». Бырақ бул қыйыншылықларға қалай болмасын ақыл парасат, сабырлылық пенен пикир жүргизиў зәрүр. Қандай ис болса да беккем ерик, салдамлылық көрсетиў орынлы. Қыйын-қыстаў күнлерде «ер жигит екен, мәрт екен» деп адамлар сүйенетуғын болсын. Усындай азаматлар менен турмыс аўырманлығы жеңиллесетуғынын баянлады. Инсандағы шыдамлылық, сабыр парасат ерки беккемлилик сияқлы, жақсы пәзийлетлер оған қәлиплестирилген тәлим-тәрбияға байланыслылығын, тәлим-тәрбия жасларды турмыс қыйыншылықларына төзимли ҳәм оларды шеше алатуғын етип қәлиплестириўи әҳмийетлилигин көзде тутты. Усы себепли турмыс аўырманлығын ақылы, турақлы минез-

қулқы жәрдеминде жеңип, бахытқа ерисетуғын жасларды жаслығынан беккем ерикке, жигерли болыўға тәрбиялаў кереклигин түсиндирип`

Өзиңди өзиң алдырмаң,…
Жас жанларым мәрт болың

деди. Усылай етип Жийен Жыраў жасларды елди басқыншы душпанлардан қорғайтуғын батыр, патроит болыўға тәрбиялаў зәрүрлигин айрықша мәселе етип қойды. «Уллы таў» поэмасында тек жасларды ғана емес, ал ҳаял-қызларды да бул өнерге үйретиўорынлы екенлигин түсиндирди.[6] Бүлгиншиликке ушырап атырғанда ҳаяллардың ҳәр бири елге пидәкәрлик көрсетип, үш-төрт душпан адамды урып жыққанын, елде қорғаў ушын ҳаял қызларды да таяр тырыўға үйретиў лазымлығын баянлады. Асиресе жасларға ўатанды қорғаўға уқыплылықты бала гезден қәлиплестирип үйретиў пайдалылығын, халық ишинде бул тәрбиялық дәстүрдиң жақсы орын алғанлығын үлги етип`

Қолы пәтли жас баллар,
Ийни келген жеринде
Аянбай тартты қылышын,-деди.

Олардың топылған душпаннан өзлерин ҳәм халықты қала алыўға жақсы тәрбияланғанлығын, халықтың өз перзентлерин әскерий өнерге, елди қорғаўға үйретиў дәстүрлерин даўам еттирип келиўлерин айрықша қуўатлаған. Усындай жаслайынан патроитлыққа әтәрбияланған азаматларды сөз етип, «Қара мырза батырды айт» атлы қосығын жазды. Бунда «Өзи журттың батыры, өзи журттың дилўары», деп Қара мырза батырдың сөзге шешен, өткир пикирлилигин, иси ҳәм сөзи сай халықтың батыры болғанлығын тәрийиплеп, оның бул жетискенликлерин жасларды патроит етип қәлиплестириўде өрнек етип, тәрбияда атақлы адамлардан үлги алдырып тәрбиялаўкереклигин түсиндирди.

Шайыр батыр ул-қызлар жәрдеминде ўатанды басқыншы жаўлардан қорғап, тынышлықта өмир сүриўдиң абзаллығын айта отырып, парахатшылық сүйгиш халықтың тыныш жасап, абаданлығын арттырыў ушын мийнет етиўи кереклигин, әсиресе дасларды

[6] Әлеуов.Ө.Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы.Нөкис «Қаракалпақстан» 1993.ж.278.б

хадал мийнет ислеўге тәрбиялаў лазымлылығын мәселе етип қойды. Жыраў мийнеттиң таза, киси ҳақын араластырмай ислеўин талап етте. Бул инсанның ҳадаллығын көрсететуғын тийкарғы белги деп есаплады. Инсан «киси хақын жеместен, биреўге зорлық етпестен мал табыў зарүр. Ҳәр бир адам мийнетиниң жемисин ийелеўи тийис ҳәм тартынбастан «Ҳарамнан жыйған жоқ едим, ҳадал еди тапқаным», деп айта алатуғын дәрежеде өзиниң тазалығын, айбынбастан баянлаўы шарт екенлигин, халықтың талабына сай жасларды усындай рухта тәрбиялаў зәрүрлигин айтты.

Маңлай тер төгип ҳәмме бирлесип ири суў тармақларын қазып етиў дийханшылық етиў ҳәм мал шарўашылығын алып барыў халықтың турмысын гүллендиреди. Асиресе аўқамласып ислеген жумыслар өнимниң көп болыўына ериcтиреди деп посқыншылық жағдайда түскендеги халықтың турмыс тәжирейбелирин, олардың мәлим бир орынға көшип барып жайласқаннан соңғы ислейтуғын хожалық жумысларын баянлап`

Аўыл болдық халық болдық
Ешки алдық саўынға
Кетпен урдың қаўынға
Усындай болып күн кеширдик.

деп халықтың, әсересе жаслардың рузыгершиликти жақсартыў ушын дыққат бөлиў әҳмийетли болғантараўларына алды менен кирисиўи керреклигин айтқан. Бул тиришилик тәжирийбелерин алдағы ўақытта да зәрүр болып қалыўы ушын ядта тутыўын нәзерде услаған.

Шайыр жәмийеттеги теңсизликке, зулымлыққа қарсы гейде илажсызлық ғәриплик минез-қулық көрсетиў орынлары да ушырасатуғынын айтқан. Бул илажсызлық жекке адамның дара ис етиўиниң ақыбетинен екенлигин түсиндирип`

Қолымнан мениң не келер
Зарым барда зорым жоқ

деп базы ўақытта өзиндеги әззиликке өкинишлилигин, жәбирлениўшилигин сездирген. Усы арқалы жалғыз ҳәрекет етип қолында күши бар, зулым адамның наҳақ исин жеңе алмайтуғынлығын турмыстың усындай теңсизлигинен жаслардың жумақ шығырыўы, ақыбетинде аўқамласыўға умтылыўы кереклигин, бирлесиў жәрдеминде әдилсиз күшлерге қарсы турыў, жеңеў мүмкин екенлигин, айтқан. Усы себепли жыраў жаслардың

аўыз биршиликке тәрбияланыўына барқулла дыққат пенен қарады. Халықтың өз аўқамын, аўыз биршилиги бузбаўы кереклиги, адамлардың бирлесип ис етиўи турмыстағы ири ислерди жүзеге асыратуғынын, көптиң ақылы халық ушын қайырлы ислерди жарататуғынын`

Басты қосып ҳәммемиз
Белди беккем байладық
Жақсы ойды ойладық

деди. Көпшилик бирлесип, ақылға ақыл қосып, ҳәммеге макул түсетуғын дурыс ислердиң жолын табатуғынын ядында услай отырып, жасларды аўыз биршиликли, өз-ара дос болыўға әдетлендириў оғада әҳмийетли деп баянлағанларын абайлаймыз.

Сондай-ақ Жийен Жыраў жасларды турмыстағы ушрасқан ҳәр қыйлы апатшылыққа ҳәм жоқшылыққа, посып-көшиўшиликке төзимли болыўға үйретиўди, әсиресе тамақ жоқ, ашлықта қалғанда одан шығысыў ушын қандай иләж ислеўи кереклигин билиўи зәрүрлигин де баянлаған. Буны жаслар өмиринде пайдағаасып қалады деп есаплап «Посқан ел» поэмасында жаўгершиликке ушырап посып баратырған пүткил халықтың, соның ишинде жас өспирим балалардың турмысын баянлаў арқалы иске асырған.

Ашлықтан аўқат таба алмай қыйыншылық тыўған жағдайда ағаштың ызғар тамырын, ҳөл сексеўилди жеп сынап көргенлигин, бунда бет-аўыздың исип кетиўшилиги орын алғанлығын айтып, ашлық күн туўғанда бар болса балық, аң аўлаў кереклигин, булар жоқ ўақытта қарабарақтың дәнесин қағып, кептирип ишиўге жарайтуғынын, булда адамлардың ишин аўыртып қыйнайтуғынын, табылып турса ат шоқай жеўмүмкин екенлигин, узақ ўақыт ашлықта жасап аўқат табылғанда бирден көп тойып тамақ жеўге болмайтуғынын ас қазанды аз-аздан жеп бийимлестрип барыў зәрүрлигин баянлаған. Усылай етип Жийен жаслардың турмыс қыйыншылықларын жеңиўи ушын зәрүр болады деп ашаршылықтағы халықтың кеширген турмысын түсиндирип болардың жаслардың тәжирийбе алыўынажарап қалыўы итималлығын есапқа алған.

Сондай-ақ Жийен жыраў тәлим-тәрбиялық көз-карасларында жаслардың қыйын турмыста руўхы түспей жасаўын гөзлеп, оларды эстетикалық тәрептен қәлиплестириўге де дыққат аўдарды. Адамлардың жақсы сезимин оятып оны жигерлендириўде, турмыстан илҳам алдырыўды көркем сөз өнери ҳәм саз-сәўбеттиң айрықша хизмет атқаратуғынын инабатқа алып, арнаўлы түрде «Қобыз толғаўы»н дөретип бунда қобыздың соғылыў

барысын тәрийплеген. Устадан уста сайлап, таў-тайлақтың терисинен қобызының қапшығын туў-тулпардың қуйрық қылынан тарын, таў-текениң мүйизинен тийегин ислегенин, қуўрайдың қақ шайырынан тарқышына жақтырылғанын, нәтийжеде қобыздың оғада шыққыш, пухта исленген болып соғылғанлығын баянлаған. Усындай саз әсбаплары жәрдеминде адамлардың қайғы мүңын жеңыллетиў мүмкин екенлигин, бул арқалы инсанды бийлеп алған қайғыны босастырыўға болатуғынын, инсан бойындағы қапашылықты қобыз арқалы шығарып алса уўайымын қойып қайғысын тез тарқатып турмысқа, келешекке үмит пенен умтылады, уўайымға түсиўшиликтен айрылады. Саздың инсанға тийгизетин тәрбиялық тәсири усылардан ибарат деди. Сол ушын ел басына аўыр қайғы дуўшакерлескенде өнер ийелери әсиресе шайыр-жыраўлар қобызы менен халықты жубатып «елдиң мүңлы зарына қайғылы нама шалып», оны жеңиллетиўге ҳәрекет етиўи тийислилигин ўазыйпа етти. Бул ўазыйпаны орынлаўға өзин де миннетли есаплап, «Посқан елдиң ишинде қобызды қолға алып қайғылы нама шалыў» менен посқыншы халықтың руўхын көтериў ушын араласып жүргенин баянлаған.

Жийен көркем әдебият пенен сөз өнерин өз-ара бирин екеншиси толықтырып отырыўшы қубылысларға жатқарады. Усыған бола ол шайыр және жыраў еди. Шайырлықты жыраўлық пенен қосып алып барыў өнердиң эстетикалылығын арттыратуғынын өз тәжирийбесинде байқаған Жийен, қайсысының болса да шебер атқарылыўына талап қойды. Толғаў-терме жазғанда «Сөз маржанын кестелеп» сулыў, уйқасық ҳәм пикирдың тәсирли болыўын қарастырыў шәрт екенлигин түсиндирди. қосық дөреткенде турмыс шынлығын көркем тил менен жазыўды, сонда оның адамларға, жасларға эстетикалық заўық бағышлаўшылығы бәлент болатуғынын баянлады. Гейде толғаў-терме асығыс түрде көркемлик жаратылыўы мүмкин. Усындай жағдайлар жүз берсе буғвн кеширим соранып «Сөзимниң болса қәтеси кеширерсиз» деп қосықларымның эстетикалық тәсирлилиги әззи болмаўы, буғвн дыққат пенен сер салыўын айтқан. Усылай етип өз дөретпелериниң эстетикалық тәсирлилигиниң өнер ийеси барқулла бақлап отырыўы тийислилигин талап еткен.

Көркем поэзияның ўазыйпасы халыққа, жасларға турмыс қыйыншылығына шыдасып оны жеңиў жолында жигерлендириўден ибарат деп есаплаған шайыр, саз-сәўбеттиң инсанлық пазыйлетлерди жаслардың өзлеринде жәмлеп, қәлиплесип жетилисиўинде әҳмийети үлкен екенлигин тәлим-тәрбиялық көз-қараларында айрықша есапқа алған. Бул тәрбияны инсанның ақыл-парасаты, әдеп-икрамы адамгершилиги, елди сүйиўшилиги ҳәм мийнеткешлиги пазийлетлери менен биргеликте қәлиплестириўи зәрүр деп нәсиятлаған.

XVI – XVIII әсирдеги Доспанбет, Жийен ҳәм басқа да шайыр-жыраўлардың педагогикалық ой-пикирлери көшпелилик турмыстың ақыры отырықшылылықта баянланған. Олар жасларды, отырықлы турмыс кешириўге үйретип тәрбиялаўдың әҳмийетлилигине айрықша итибар қаратты. Адамлардың бир-бирин қоллап өмир сүреў кереклигин айтып, адамды баҳалаўда нәсилге суйениў надурыс екенлигин, ал көбирек тәрбияланғанлығына, көргенлигине итибар қаратыў лазымлығын түсиндирди. Елди тоқшылыққа шығарып, жарлы ҳәм байды тең етиў кереклигин, жасларды тәрбиясын усы бағдарда қәлиплестириўди, елди бийлеўшилер халықты дурыс жол менен басқарыўы, өтмишдеги патша ҳәм ханлардың әдиллик пенен ис алып барған орынларынан үлги алыўды зәрүр санады. Ата-ана ушын ул-қызлы болыўды, балалардың жетимлик көрмей өсиўин, жәмийеттеги қәўендерсиз жетим балалардың аўҳалы оғада аянышлылығын, жаўгершилик турмыста жас сағыйралардың набыт болып атырғанлығын баянлады. Жасларды хақыйқый адам етип жетилистириў ушын дослыққа, аўқамласқан халық пенен бирге болыўға, мийнет етип ҳадал мал табыўға, беккем ерикке өзиниң қыйшылықтан алып шыға алатуғын төзимлиликке, мәртликке, үйретиў лазымлылығын, әсиресе елди душпаннан қорғаўға, батыр, сөзге шешен болыўға тәрбиялаўды усыныс етте. Жаслардың унамлы пазийлетлерди ийелеп шығыўында көркем сөз және саз-сәўбет өнериниң тәсири күшли екенлигин, булардың барлығы өз-ара байланыслылықта қәлиплестирилиўи тийислилигин, сонда жаслар унамлы, ели-халқы ушын хизмет ететуғын азамат болып жетилисетуғынын түсиндирди.

### 2.2. **Жийен Жыраўдың педагогикалық көз-қараслары**

Қарақалпақ халқының көрнекли шайыр – ойшылы Жийен Аманлық улы дөретиўшилигинде XVIII әсирдеги жәмийетлик турмыс кең көлемде өз сәўлелениўин тапқан. Данышпанның дүньяға, жәмийетке көз – қарасы, жасларды адамгершиликке қәлиплестириў ойлары қарақалпақ халқының жаўгершиликке толы қыян – кести заманы мазмуны менен байланыслылықта жузеге келген.

Ол қарақалпақлардың Туркстанда, Жаңадарьяда жасаған ўақтында дүньяға келген шайыры. Халық 1760-1762 жыллары мәкан басқан бул жерлерден Хорезмге, түслик Арал әтирапларына посқыншылыққа ушырап көшиўинде бүлгиншилик ўақыяларды араласып жүрип басынан кеширген, халықты жигерлендириўши тәсирли сөзи ҳәм қобызының сазы жәрдеминде жол бойы жубатып, тоқтаў сөзлер айтып, келешек күнлердиң үмитлендирип, ақыл - нәсиятлар берип халқы менен бирге көшкен еди.

Шайырдың творчествосына ҳәм өмири жөниндеги дереклерге[1] әсиресе «Ҳә ханымыз, ханымыз» атлы дыққат аўдарылса, Жийенниң оқымыслы, халық тарийхын ҳәм ханлар тарийхын жетик билген, ханлардың жәмийетти басқарып, бийлеў бағдарын жақсы түсинген, олардың жетискенлигин ҳәм кемшилигин анализлей алыў дәрежесине жеткен социолог болғанлығын абайлаймыз. Жийенниң турмысқа бақлаў жүргизиўи инсанлар бахтына кесе болып турған тийкарғы себепқоңсы ханлардың өз - ара урысыўы, бир елди екинши елдиң тонап, қырып кетиўи, адамларды раўажландырып жибергенлиги екенлигин байқаўға миясар етти. Бул қубылыс дөретпелеринде жәмийетлик мәселелериниң баслы орын ийелеўине алып келди.

Шайырдың творчествосын айырым илимпазлар Жаңадарья бойындағы ҳәм Түслик Арал әтирвпындағы деп екиге бөлип қарайды. Ол «Посқан ел», «Уллы таў» атлы ири мәселелерди қозғаған поэмалар жәнe көп ғана терме - толғаўлар дөретип; терең пикирли машқалаларды көтерип шықты. Асиресе оның толғаўларынан жаўгершиликке ушырап посып жүрген халықтың балаларының тәғдири, жетимлердиң қыйын аўҳалы, жаслардың тәлим - тәрбиясы айрықша орын алды. Булар шайырдың дүньяға ҳәм жәмийетке көз - қарасы менен байланыслылықта баянланылды.

Жийен Жыраўдың дүньяға түсиниги, жаратылыс қубылысларына сер салып бақлаўы өзинен бурынғы Алтын Орда ҳәм Ноғайлы заманындағы шайыр ойшыллардың философиялық талийматларына сүйениўге ҳәм оны өзинше жаңа тарийхый жағдайларға сай пикирлери менен даўам еттириўге алып келди. Поэзиядағы терме - толғаў түрин өз усылында жетилистире отырып усы жанрға тән шеберлик арқалы жәмийетке, дүньяға көз - карасларын баянлады. Көпшилик шығыс данышпанлары сыяқлы Жийен Жыраў да өзиниң философиялық талийматында пантеистлик түсиниклери менен танылды.

Шайыр дүнья жаратылысының, тәбияттағы жанлы-жансыз мақлуқатлардың барлығының дөретиўшиси, пайда етип отырған ийеси бар бул-қудай. Қудай гүллән нәрсени жаратып, оны бийлеп басқарып турыпты. Ол инсанның да, хайўанатлардың да сораўын сорайтуғын, жәбирленбей жүриўин гөзлеп отыратуғын панасы. Дүньяда сораўсыз, өзинен-өзи жатқан яки жүрген нәрсе болмайды. Барлық заттың келип шығыў дереги ҳәм сүйениш таўы, исеним билдиретуғын таянышы бар. «Ҳәркимниң бардур ийеси» деп жазып дуньядағы барлық мақлуқатлардың артында жаратқан пәрўардигар турыпты, олар қудайдың жаратқан затлары, сол ушын қәстерленилиўи, абайлап сақланыўы, екинши биреўлер тәрепинен хорланып азапланыўға түспеўи тийислилигин

[1] Каримов.А.Жийен Жыраўдың өмири ҳәм тваорчествосы. Нөкис, ҚҚМБ, 1963.

айтты. Егер бундай жағдай орын ала қойған гезде қудайдың қәҳәрине ушырайтуғынын, жәмийеттеги мақулланғанинсаный әдалатлықты бузғаны ушын Алла-таала тәрепинен жазаланатуғынын түсиндирди. Қудай барлық нәрсени береди ҳәм алады. Адамның жүримин узақ яки келте, оны ул-қызлы, бахытлы, бахытсыз ететуғын да усы дүньяның ийеси-Алла-таала деп түсинди.[2] Ҳәттеги шайыр елдеги қыйыншылық турмыстың, аўырманшылықлардың, болып турыўы дәслептен халықтың тәгдирине жазылған, буған шыдаў керек ҳәм оны жеңиў лазым, деп ойлады инсанға шыдамлылық қыйыншылықларды жеңиў ушын керек. Жәмийетте инсан тәғдириниң қыйыншылықлы жағдайға түскенлигине ашынған шайыр:

Аўере ушын жаратқан
Азелди бизди қудайым

Деп, балалық ўақтынан-ақ тағдириниң бурыннан жазылғанлығын, көретуғын азабы көп екенлигин, балаллық бахатлылықтың буйырмағанын тән алады. Шайыр буның менен тәғдирге шекленип қалыўдың тәрептары болмады. Тәғдирдеги жазылмышты инсанның өзи жақсылаўға талапланып, умтылыўы керек-деген жуўмаққа келеди. Усы арқалы шайыр болмыс, инсанның өмир жолы пешанаға жазылған деген түсиникке шекленип қалмады. Ол турмыс тәсирлерине, жәмийеттеги ҳәр қыйлы қубылысларға ҳәм қудайдың күнделикли турмысқа қатнасына пикир жүргизип қудай гейде адамлардың өтинишине, көрип отырған азапларына сабыр парасатлық пенен қарайды. Адамлардың кими муңлы, кими зарлы, кими посып отырғаны, «қабыл болмай көз жасы», тилеги орынланбаўының себеплери де усыдан деди.

Шайыр қырғын урыстан бүлгиншиликке ушыраған еле ушын бундағы бийгүны төгилип атырған қанды тоқтатыў ушын күйип-жанып Алла-таалладан жәрдем сорады. Өз мәпин ойлап емес, ал, гүллән халық мәпин гөзлеп, бахыты тайғаннан соң, куты қашқан жеринен айырылып атырғанына қудайға жылап, кеше- күндиз тиленип, ығбал сорап жалынады. Бырақ

Қудай маған бермеди,
Бир нәрсениң өзинде,-

---

[2] Әлеуов.Ө.Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы.Нөкис «Қаракалпақстан» 1993.ж.272.б

деп тилек етиў, жалбарыныў жәрдеминде қудайдан ҳеш нәрсе өндире алмағанын баянлады. Жийен Жыраў өз мәпине емес, ал халқының тәғдирине жаны ашып күйип-жанғанлықтан қудайға наразылық күйинишин, бендешилик наласын билдирди. Бул оның қудайға қарсы болғаны емес еди, ал қудайдың аянышлы жағдай бойынша тез шешим ислемегенлигине бенделик шыдамсызлығы еди.[3]

Усы түсиник пикирлери жыраўдың қудай жөнинде жәнеде тереңирек ойланыўына алып келди. Қудай жердеги бенделериниң исине сырттан бақлап турыпты, адамлар бирин-бири қыйнап-азаплап атырсада, ятратқан пәрўардигер оларға араласпайды, әсиресе адамлар жаўгершиликтен бүлинеп атырса да оларға «қудай сая салмады» деп Аллатааланың жердеги ҳәдийселерге қатнасы болмай турғанлығын баянлады. Қудай адамлардың өзине ықтыярды берип, адамларды өзин-өзине жиберип ең соңғы жуўмақты ақыретте күтеди деп, буны адамлардың билиўи лазымлығын баянлады. Бырақ қудайдың усы сабырлы исин айрым адамлар есапқа алмай, ол дүньясын ойламай турмыста түрли ислерди қылып жүр. Дүнья, жәмийет ақыллылық пенен басқарылмай бийликти келте пәмли адамлар жүргизди. Елди абаданластырыў усылын билетуғын тәжирейбели басшылар басқармады. «Қолы жеткен шоштыйып, үлгизис тон шешилди». Нәтийжеде жәмийетти басқарыў, елди услап тытыў бойыншаалып барылған ислер исенимли, мәлим режеге тийкарланбай жүргизилгенликтен, жол-жобасыз, елдиң посып, бүлгиншиликке душакерлесиўине алып келди. Халықты басқарыў жолын жетик билетуғынлар болмады. Жәмийет дурыслы, халық мәпин ойлайтуғын, билимлилик пенен басшылық ететуғын адамға ийе емес еди. Усы себепли`

Алды менен басшысы,  
Еки ийнин жалмады,  
Бузық болды ийшаны,  
Адилсиз болды қазысы

ҳәм булар халықты аўқамластырып, аўыз биршилигин күшейтип топлаў орнына, еки жақлап, үш жақлап елдиң тоз-тозын шығарып тарқатып шығарды. Адамлар турмысында әбигершиликти күшейтип жиберди. Ақыбетинде «Ай жигитлер, жигитлер, заманымыз тар екен, Көмекейде турғанды, Айталмастай күн екен» деп замандағы теңсизлик ақыбетинде ким күшли болса басқалардан тартып алыў есабынан жақсы турмыс соныки болғанлығын

---

[3] Әлеуов.Ө.Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы.Нөкис «Қаракалпақстан» 1993.ж.273.б

«хан менен бийлердиң айтқанына көнбесең, сыбаған қанлы дарға» айналатуғын айтып, елди зулымлық пенен услап- тутыўға қарсы екенлигин түсиндирди.

Шайырдың бул пикирлери «Ҳә ханымыз, ханымыз» атлы заманындағы ел басшысына жазған толғаўында тағыда мазмунлы пикирлер менен толықтырылған. Бунда өтмиштеги тарийхий жасап өткен ханлардың елди басқарыўын, олардың еткен жақсы, жаман ислерин дизип баянлап, ертедеги қәтерели Қара хан, залым Тәўке хан, Айдар хан, патша Искендер, Жамшид, Сулайман, Ердарап, Султан Махмуд, Шыңғыс хан, Бабашхан, дин мусылман патшасы ўәлийлилла Алийхан т.б. барлығында халықты қатал, зулымлылық пенен басқарды, бырақ халықтың баласын сендей зулым, зулым болып гүўенлеп қойдай қырған жоқ деди. Усылай етип Жийен заманлас ханларындағы өз халқына ҳәдден тис жәбир келтириўин қаралады. Олардың жәмийетти басқарыў тәртибин сынға алды. Халықтың ғамын ойлаўын талап етти. Елди тоқ турмысқа жеткериўди айтты. Себеби ашлық, жоқшылықтың тәсиринде инсанлар арасында адамгершилик пәсейип кетиўи мүмкин. Жәмийеттеги ашаршылық гейде адамлардың бузылыўына, «Адамға Адам қарамай», өз басын алып кетиўине алып келеди деди. Ел тоқ, абадан болса халық жақсы минез-қулықлы, биреўге меҳрибан, кеўли хош болады. Адамлардың урты томпайып, шалқайып жүриўи, бүлбиллер сайраўы, шады қурамлыққа бөлиниўи тоқшылықтың арқасында. Ел, халық ғурғынласып тойынып, нәтийжеде`

Тоқшылықлар улғайып,
Биригип ҳәмме ойнадық.

деп инсанлардың кеўил кейпине, тәрбияланып қәлиплесип шығыўына жәмийетлик турмыстың абаданшылығы үлкен тәсир етеди. Елдиң тоқшылығы менен халықтың бир-биреўге мириўбети өз ара байланыслы деп жуўмақ жасаған. Усы себепли жәмийеттеги орын алып турған қыйыншылықлы жағдайға оны басқарып отырған хан ҳәм ханның жанындағы ақылгөй кеңесшилери гүналы. Олар елди бирликте мәсләҳәтлесип басқарыўы кереклигин түсиндирди ҳәм арнаўлы түрде «Хан қасындағы төрелерге» бул туралы терме толғаў бағышлады. Олардың «сөз тымсалын аңлап», елди басқарыўшы ханға асып-саспай, парасат пенен дурыс ақыл берип отырыўын, егер бул жүзеге аспаса ханлық ҳәлсирейтуғынлығын пытырап, өзинен төменлерге бағынышлы болатуғынын, халықтың бүлгиншиликке түсетуғынын айтты. Елдиң, ханлықтың беккем, қуўатлы болыўы ханның қасындағы жәрдемши ақылгөйине де байланыслы екенин баянлады. Жәмийетти ойласып басқарыў лазымлығын, сонда халық тәғдирине тийисли алжасық болмайтуғынын, бунда

халықтың ғаниймет турмысы, елдиң келешеги жаслардың тәғдири олардың адамгершиликке толы жақсы тәлим тәрбия алыпөсиўи мәселелери баслы орында турыўы нәзерде тутылды.

Шайыр ҳәр бир ата-ананың уллы яки қызлы болыўын шаңарақ бахытлы деп есаплады.[4] Перзентти шаңарақ ийеси қудайдан сорап алады, деген түсиниктеги Жийен шаңарақ ийеси атаның ул баласы болыўын күтә зәрүр санады. Ул әкеге мәдет, сүйениш, турмыслық ислерде жәрдемши болады деп ойлағанлықтан.

«Мениң атым Жийенди,
Ул бермеген ийемди»,-

деп қудайды ул бермей қысып қойғанын, улға зар еткенин, сол ушын гейде турмыслық әдилсизликлерде қолы келтесин, кемтарлық болып туратуғынынтуўысқаны азлық, ул баласы жоқлық әдалатсызлық турмыслық тартысларда кемлик келтиретуғынын айтты. Ул қызлы болыў ушын адам өзин қудайдың көрсеткен жолы менен алып жүриўи керек, жаман минез қулыққа, пәс пейилликке~ иши қаралыққа түспеўи лазым. Бундай жағдайда адам уллы болса да бахытлылыққа ерисе алмайды. Жаман пейлинен~ «ул берседе қудайым, таўып жүрмен кийемди» деп пушайманға түседи. Асиресе ул-қызды қундақлап, бөлеп өсиретуғын бесикти қәстерлеў керек. Оны өз өмириниң даўамшысы, баланың жататуғын кийели уясы болғанлығы ушын ҳүрмет етиў орынлы. Бесиктиң ишинде баланың руўхы сақланып турады. Оны аяқ асты қылып хорласаң кесепатына ушрайсаң, бесикке бөлейтуғын перзент көрмейсең, көрсеңде бахытлы болмайсаң.

Бесик теўип жасымда,
Таўып жүрмен сазамды

деп өтинишке түсесең. Сол ушын балалар тәрбияланып өсетуғын барлық нәрселерди иззет етип қараў керек. Бул өсип өниў ушын, келешекте перзентли болыў ушынжақсы ырым деп есаплады. Жақсы нийет, дәстүрлерди сақлап ул-қызлы болып болып қуўанышқа бөлениў ата-ана тийкарғы байлық , дәўлет бахыт. Усы бахытты қолда услап тырыў ушын оларды жақсы тәрбиялаў керек. Бул ушын ата-ана өз перзентин хор-зар қылмай өсириўи тийис деди.

---

[4] Әлеуов.Ө.Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы.Нөкис «Қаракалпақстан» 1993.ж.275.б

Ол семья тәрбиясы менен нәсиллик мәселесиниң өз-ара байланысы беккем екенлигин түсинди. Бала тәрбиясында семьялық аўҳалдың ҳәм дәстүрлери ондағы көрген-билгенлериниң тәсири сақланатуғынын, семьядағы гедейшилик, жоқшылық адамлардың көргенли, турмыслық нәрселерди ақыл менен шешетуғын болып жетилисиўине базда кесент беретуғынын байқады.

Аштан тойған байымас,
Қанша бахты қонса да,
Кәтқуда болып жарымас,[5]

деп жоқшылықтан тойынған адамның гейде усы тойыныўшылықты раўажландырып алып кете алмайтуғын, себеби избе-из бурыннан көрип өспегенликтен гейде буған тәжрейбеси жетпей қалатуғынлығын, нәтийжеде қанша ығбалы жеңип турсада елге басшылық етип оны бийлеп кетиў уқыбына ерисе алмайтуғынын айтты. Семья тәрбиясы ондағы көргенлилик жаслардың қәлиплесиўинде үлкен қатнасқа ийе екенлигин баянлады. Бала семьяда жақсы тәрбияланыўы ушын ол үйде жақсы турмыфста, молшылықта жасаўы үлкен аҳмийетке ийе болатуғынын инабатқа алыўды ескерткен.

Егер бала жетимликте қалса дурыслы тәрбия алыўға ерисе алмайды ҳәм зәрүр тәлим-тәрбия көрип жетилиспейди. Бала жаслайында жетим қалса өмири хорлықта өтеди, жетимлик перзенттиң дурыслы тәрбия алып өсиўине кесент беретуғын үлкен бахытсызлық деди ҳәм жәмийетлик тумыста балалар тәғдирине әсиресе жетим-қәўендерсиз жасларға жәрдем көрсетиў зәрүрлигин, олардың саналы тәрбияланып шығыўына айрықша дыққат бөлиў кереклигин машқала етип қойды. Жетимлик, жаслай турмыс азабын көриў, тийисли тәрбия алмаўшылық жаслардың рухый ҳәм жисм жағынан дурыс қәлиплесиўине алып келеди. Дардай азамат болатуғын балалардың қойлар бағып жасынан, шарға болған бойлары көрер көзге, еситер қулаққа унамлы ис емес. Асиресе балалардың ишерге аўқат таппай «Тамағы жоқ аштан-аш үйдеги ыслық ишинде жатыўы аянышлы аҳўал екенлигин сөз етти. Елдеги урыс-қырғын, басқыншылық пенен талап алыўлар алды менен балаларға жаман тәсир ететуғынын, урыс нәтийжесинде олар жетим-жесир қалатуғынын, дурыс тәрбия, оқыў-билим ала алмайтуғынын «жесир қатын, жетим улдың ўайраны шығатуғынлығын, түсиндирди. Тыныш отырған елди жаўып-тонап кетиўшилик әсиресе балалардың басына аўыр жағдай түсиреди. Олардың жас өмири

---

[5] Жен Жыраў. «Посқан ел» Шығармалар жайнағы. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1981, 21.б.

қыйыншылықта, хорлықта өтеди. Хан ҳәм бийлер, халық басшылары ел тәғдирин ойламаса, олардың аўҳалына ғамхорлық көрсетпесе заман кем-кем жаманласады.

Нан таба алмай адамзат,
Қапылған қара заманда,
Ийттен бетер хор болып

сергизданлыққа түседи. Қудайдың жаратқан бендеси, инсанды хор етиў кеширилмес гүна. Буны елдиң басшылары ойланып көриўи тийис. Адамларды тәртипке, инсапқа, ханлар менен бийлерди өз-ара түсинип қоңсылықта татыў жасасыўға шақырыў керек. Адамлар да бир-биреўге мүриўбетли сыйласықлы болыўы лазым. Ашлық, жаўгершилик адамды қыйын турмысқа гириптар етеди. Бундай жағдайда «не бир ақыл-даналар ақылынан сасады». Бырақ бул қыйыншылықларға қалай болмасын ақыл парасат, сабырлылық пенен пикир жүргизиў зәрүр. Қандай ис болса да беккем ерик, салдамлылық көрсетиў орынлы. Қыйын-қыстаў күнлерде «ер жигит екен, мәрт екен» деп адамлар сүйенетуғын болсын. Усындай азаматлар менен турмыс аўырманлығы жеңиллесетуғынын баянлады. Инсандағы шыдамлылық, сабыр парасат ерки беккемлилик сияқлы, жақсы пәзийлетлер оған қәлиплестирилген тәлим-тәрбияға байланыслылығын, тәлим-тәрбия жасларды турмыс қыйыншылықларына төзимли ҳәм оларды шеше алатуғын етип қәлиплестириўи әҳмийетлилигин көзде тутты. Усы себепли турмыс аўырманлығын ақылы, турақлы минез-қулқы жәрдеминде жеңип, бахытқа ерисетуғын жасларды жаслығынан беккем ерикке, жигерли болыўға тәрбиялаў кереклигин түсиндирип`

Өзиңди өзиң алдырмаң,…
Жас жанларым мәрт болың

деди. Усылай етип Жийен Жыраў жасларды елди басқыншы душпанлардан қорғайтуғын батыр, патроит болыўға тәрбиялаў зәрүрлигин айрықша мәселе етип қойды. «Уллы таў» поэмасында тек жасларды ғана емес, ал ҳаял-қызларды да бул өнерге үйретиўорынлы екенлигин түсиндирди.[6] Бүлгиншиликке ушырап атырғанда ҳаяллардың ҳәр бири елге пидәкәрлик көрсетип, үш-төрт душпан адамды урып жыққанын, елде қорғаў ушын ҳаял қызларды да таяр тырыўға үйретиў лазымлығын баянлады. Асиресе жасларға ўатанды

[6] Әлеуов.Ө.Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы.Нөкис «Қаракалпақстан» 1993.ж.278.б

қорғаўға уқыплылықты бала гезден қәлиплестирип үйретиў пайдалылығын, халық ишинде бул тәрбиялық дәстүрдиң жақсы орын алғанлығын үлги етип`

Қолы пәтли жас баллар,
Ийни келген жеринде
Аянбай тартты қылышын,-деди.

Олардың топылған душпаннан өзлерин ҳәм халықты қала алыўға жақсы тәрбияланғанлығын, халықтың өз перзентлерин әскерий өнерге, елди қорғаўға үйретиў дәстүрлерин даўам еттирип келиўлерин айрықша қуўатлаған. Усындай жаслайынан патроитлыққа әтәрбияланған азаматларды сөз етип, «Қара мырза батырды айт» атлы қосығын жазды. Бунда «Өзи журттың батыры, өзи журттың дилўары», деп Қара мырза батырдың сөзге шешен, өткир пикирлилигин, иси ҳәм сөзи сай халықтың батыры болғанлығын тәрийиплеп, оның бул жетискенликлерин жасларды патроит етип қәлиплестириўде өрнек етип, тәрбияда атақлы адамлардан үлги алдырып тәрбиялаўкереклигин түсиндирди.

Шайыр батыр ул-қызлар жәрдеминде ўатанды басқыншы жаўлардан қорғап, тынышлықта өмир сүриўдиң абзаллығын айта отырып, парахатшылық сүйгиш халықтың тыныш жасап, абаданлығын арттырыў ушын мийнет етиўи кереклигин, әсиресе дасларды хадал мийнет ислеўге тәрбиялаў лазымлылығын мәселе етип қойды. Жыраў мийнеттиң таза, киси ҳақын араластырмай ислеўин талап етте. Бул инсанның ҳадаллығын көрсететуғын тийкарғы белги деп есаплады. Инсан «киси хақын жеместен, биреўге зорлық етпестен мал табыў зарүр. Ҳәр бир адам мийнетиниң жемисин ийелеўи тийис ҳәм тартынбастан «Ҳарамнан жыйған жоқ едим, ҳадал еди тапқаным», деп айта алатуғын дәрежеде өзиниң тазалығын, айбынбастан баянлаўы шарт екенлигин, халықтың талабына сай жасларды усындай рухта тәрбиялаў зәрүрлигин айтты.

Маңлай тер төгип ҳәмме бирлесип ири суў тармақларын қазып етиў дийханшылық етиў ҳәм мал шарўашылығын алып барыў халықтың турмысын гүллендиреди. Асиресе аўқамласып ислеген жумыслар өнимниң көп болыўына еристиреди деп посқыншылық жағдайда түскендеги халықтың турмыс тәжирейбелирин, олардың мәлим бир орынға көшип барып жайласқаннан соңғы ислейтуғын хожалық жумысларын баянлап`

Аўыл болдық халық болдық

Ешки алдық саўынға
Кетпен урдың қаўынға
Усындай болып күн кеширдик.

деп халықтың, әсересе жаслардың рузыгершиликти жақсартыў ушын дыққат бөлиў әҳмийетли болғантараўларына алды менен кирисиўи керреклигин айтқан. Бул тиришилик тәжирийбелерин алдағы ўақытта да зәрүр болып қалыўы ушын ядта тутыўын нәзерде услаған.

Шайыр жәмийеттеги теңсизликке, зулымлыққа қарсы гейде илажсызлық ғәриплик минез-қулық көрсетиў орынлары да ушырасатуғынын айтқан. Бул илажсызлық жекке адамның дара ис етиўиниң ақыбетинен екенлигин түсиндирип`

Қолымнан мениң не келер
Зарым барда зорым жоқ

деп базы ўақытта өзиндеги әззиликке өкинишлилигин, жәбирлениўшилигин сездирген. Усы арқалы жалғыз ҳәрекет етип қолында күши бар, зулым адамның наҳақ исин жеңе алмайтуғынлығын турмыстың усындай теңсизлигинен жаслардың жумақ шығырыўы, ақыбетинде аўқамласыўға умтылыўы кереклигин, бирлесиў жәрдеминде әдилсиз күшлерге қарсы турыў, жеңеў мүмкин екенлигин, айтқан. Усы себепли жыраў жаслардың аўыз биршиликке тәрбияланыўына барқулла дыққат пенен қарады. Халықтың өз аўқамын, аўыз биршилиги бузбаўы кереклиги, адамлардың бирлесип ис етиўи турмыстағы ири ислерди жүзеге асыратуғынын, көптиң ақылы халық ушын қайырлы ислерди жарататуғынын`

Басты қосып ҳәммемиз
Белди беккем байладық
Жақсы ойды ойладық

деди. Көпшилик бирлесип, ақылға ақыл қосып, ҳәммеге мақул түсетуғын дурыс ислердиң жолын табатуғынын ядында услай отырып, жасларды аўыз биршиликли, өз-ара дос болыўға әдетлендириў оғада әҳмийетли деп баянлағанларын абайлаймыз.

Сондай-ақ Жийен Жыраў жасларды турмыстағы ушрасқан ҳәр қыйлы апатшылыққа ҳәм жоқшылыққа, посып-көшиўшиликке төзимли болыўға үйретиўди,

әсиресе тамақ жоқ, ашлықта қалғанда одан шығысыў ушын қандай иләж ислеўи кереклигин билиўи зәрүрлигин де баянлаған. Буны жаслар өмиринде пайдағаасып қалады деп есаплап «Посқан ел» поэмасында жаўгершиликке ушырап посып баратырған пүткил халықтың, соның ишинде жас өспирим балалардың турмысын баянлаў арқалы иске асырған.

Ашлықтан аўқат таба алмай қыйыншылық тыўған жағдайда ағаштың ызғар тамырын, ҳөл сексеўилди жеп сынап көргенлигин, бунда бет-аўыздың исип кетиўшилиги орын алғанлығын айтып, ашлық күн туўғанда бар болса балық, аң аўлаў кереклигин, булар жоқ ўақытта қарабарақтың дәнесин қағып, кептирип ишиўге жарайтуғынын, булда адамлардың ишин аўыртып қыйнайтуғынын, табылып турса ат шоқай жеўмүмкин екенлигин, узақ ўақыт ашлықта жасап аўқат табылғанда бирден көп тойып тамақ жеўге болмайтуғынын ас қазанды аз-аздан жеп бийимлестрип барыў зәрүрлигин баянлаған. Усылай етип Жийен жаслардың турмыс қыйыншылықларын жеңиўи ушын зәрүр болады деп ашаршылықтағы халықтың кеширген турмысын түсиндирип болардың жаслардың тәжирийбе алыўынажарап қалыўы итималлығын есапқа алған.

Сондай-ақ Жийен жыраў тәлим-тәрбиялық көз-карасларында жаслардың қыйын турмыста руўхы түспей жасаўын гөзлеп, оларды эстетикалық тәрептен қәлиплестириўге де дыққат аўдарды. Адамлардың жақсы сезимин оятып оны жигерлендириўде, турмыстан илҳам алдырыўды көркем сөз өнери ҳәм саз-сәўбеттиң айрықша хизмет атқаратуғынын инабатқа алып, арнаўлы түрде «Қобыз толғаўы»н дөретип бунда қобыздың соғылыў барысын тәрийплеген. Устадан уста сайлап, таў-тайлақтың терисинен қобызының қапшығын туў-тулпардың қуйрық қылынан тарын, таў-текениң мүйизинен тийегин ислегенин, қуўрайдың қақ шайырынан тарқышына жақтырылғанын, нәтийжеде қобыздың оғада шыққыш, пухта исленген болып соғылғанлығын баянлаған. Усындай саз әсбаплары жәрдеминде адамлардың қайғы мүңын жеңыллетиў мүмкин екенлигин, бул арқалы инсанды бийлеп алған қайғыны босастырыўға болатуғынын, инсан бойындағы қапашылықты қобыз арқалы шығарып алса уўайымын қойып қайғысын тез тарқатып турмысқа, келешекке үмит пенен умтылады, уўайымға түсиўшиликтен айрылады. Саздың инсанға тийгизетин тәрбиялық тәсири усылардан ибарат деди. Сол ушын ел басына аўыр қайғы дуўшакерлескенде өнер ийелери әсиресе шайыр-жыраўлар қобызы менен халықты жубатып «елдиң мүңлы зарына қайғылы нама шалып», оны жеңиллетиўге ҳәрекет етиўи тийислилигин ўазыйпа етти. Бул ўазыйпаны орынлаўға өзин де миннетли есаплап, «Посқан елдиң ишинде қобызды қолға алып қайғылы нама шалыў» менен посқыншы халықтың руўхын көтериў ушын араласып жүргенин баянлаған.

Жийен көркем әдебият пенен сөз өнерин өз-ара бирин екеншиси толықтырып отырыўшы қубылысларға жатқарады. Усыған бола ол шайыр және жыраў еди. Шайырлықты жыраўлық пенен қосып алып барыў өнердиң эстетикалылығын арттыратуғынын өз тәжирийбесинде байқаған Жийен, қайсысының болса да шебер атқарылыўына талап қойды. Толғаў-терме жазғанда «Сөз маржанын кестелеп» сулыў, уйқасық ҳәм пикирдың тәсирли болыўын қарастырыў шәрт екенлигин түсиндирди. қосық дөреткенде турмыс шынлығын көркем тил менен жазыўды, сонда оның адамларға, жасларға эстетикалық заўық бағышлаўшылығы бәлент болатуғынын баянлады. Гейде толғаў-терме асығыс түрде көркемлик жаратылыўы мүмкин. Усындай жағдайлар жүз берсе буғвн кеширим соранып «Сөзимниң болса қәтеси кеширерсиз» деп қосықларымның эстетикалық тәсирлилиги әззи болмаўы, буғвн дыққат пенен сер салыўын айтқан. Усылай етип өз дөретпелериниң эстетикалық тәсирлилигиниң өнер ийеси барқулла бақлап отырыўы тийислилигин талап еткен.

Көркем поэзияның ўазыйпасы халыққа, жасларға турмыс қыйыншылығына шыдасып оны жеңиў жолында жигерлендириўден ибарат деп есаплаған шайыр, саз-сәўбеттиң инсанлық пазыйлетлерди жаслардың өзлеринде жәмлеп, қәлиплесип жетилисиўинде әҳмийети үлкен екенлигин тәлим-тәрбиялық көз-қараларында айрықша есапқа алған. Бул тәрбияны инсанның ақыл-парасаты, әдеп-икрамы адамгершилиги, елди сүйиўшилиги ҳәм мийнеткешлиги пазийлетлери менен биргеликте қәлиплестириўи зәрүр деп нәсиятлаған.

XVI – XVIII әсирдеги Доспанбет, Жийен ҳәм басқа да шайыр-жыраўлардың педагогикалық ой-пикирлери көшпелилик турмыстың ақыры отырықшылылықта баянланған. Олар жасларды, отырықлы турмыс кешириўге үйретип тәрбиялаўдың әҳмийетлилигине айрықша итибар қаратты. Адамлардың бир-бирин қоллап өмир сүреў кереклигин айтып, адамды баҳалаўда нәсилге суйениў надурыс екенлигин, ал көбирек тәрбияланғанлығына, көргенлигине итибар қаратыў лазымлығын түсиндирди. Елди тоқшылыққа шығарып, жарлы ҳәм байды тең етиў кереклигин, жасларды тәрбиясын усы бағдарда қәлиплестириўди, елди бийлеўшилер халықты дурыс жол менен басқарыўы, өтмишдеги патша ҳәм ханлардың әдиллик пенен ис алып барған орынларынан үлги алыўды зәрүр санады. Ата-ана ушын ул-қызлы болыўды, балалардың жетимлик көрмей өсиўин, жәмийеттеги қәўендерсиз жетим балалардың аўҳалы оғада аянышлылығын, жаўгершилик турмыста жас сағыйралардың набыт болып атырғанлығын баянлады. Жасларды хақыйқый адам етип жетилистириў ушын дослыққа, аўқамласқан халық пенен бирге болыўға, мийнет етип ҳадал мал табыўға, беккем ерикке өзиниң қыйшылықтан алып

шыға алатуғын төзимлиликке, мәртликке, үйретиў лазымлылығын, әсиресе елди душпаннан қорғаўға, батыр, сөзге шешен болыўға тәрбиялаўды усыныс етте. Жаслардың унамлы пазийлетлерди ийелеп шығыўында көркем сөз және саз-сәўбет өнериниң тәсири күшли екенлигин, булардың барлығы өз-ара байланыслылықта қәлиплестирилиўи тийислилигин, сонда жаслар унамлы, ели-халқы ушын хизмет ететуғын азамат болып жетилисетуғынын түсиндирди.

## 2.3. Доспамбет Жыраўдың тәлим-тәрбиялық көз-қараслары.

Доспамбет жыраў XVI әсирдың орталарында жасаған Алтын Орда ҳәм Ноғайлы бирлеспеси тарқалып атырған дәўирдеги қарақалпақ халқының көрнекли батыры ҳәм данышпан жыраўы. Ол Азов қаласына жақын жердеги аўылда ақсүйек семьясында туўылған.Жыраў Орда ханы Ормамбет бийдың әскер басшысы еди. Базыбир дереклер Доспамбетти Ормамбет бийдың ағасы депте көрсетеди. Жыраў Аймедет батыр менен дослықта халыққа хызмет еткен. Өз елиниң абаданшылығын, көркейиўин гөзлеген.[1]

Доспамбет өзиниң дүньяға көз-қарасы бойынша пантеистлик түсиниклерге сүйенетуғынын абайлатады. Инсанға бахыт, несейбе, абырай бериўши жалғыз Алла-таала деп ойлаған жыраў қудай инсанды жарылқаса ол ҳәттеки хан, бийлерден де артық, бәлент болып жасайды деп есаплаған. «Айнала булақ басы тең» деп басланатуғын толғаўында` «Тәңриниң берген бахытында Хан улына артық болды несейбем»-деп Алла-таала жарылқаса инсан көп нәрсеге ериседи деп жазған ҳәм мусырман бенде сыпатында қудайдың жарылқаўшылығынан бәрқулла үмит етип жасаўға умтылған.

Жыраў жаслардың турмыс тиришилигинде қуўанышлы жасаўын, дүньяға келгеннен соң инсан бахытлы өмир сүриўи тийислилигин, жалғаншы бул дүньяда ойнап-күлиў лазымлығын ўазийпа еткен.

Күлейикте ойнайық,
Кимлерден кийин қалмаған.[2]
Мына ғана ялғаншы

---

[1] Әлеуов.Ө.Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы.Нөкис «Қаракалпақстан» 1993.ж.267.б

[2] Ерте дәўирдеги әдебий естеликлер.Нөкис. «Қарақалпақстан» 1986. 63.б.

-деп дүньяның өткинши екенлигин, бул өткинши өмирди бахытлы кешириў кереклигин «Дүньяның басы сайран, түби ойран» екенин, сол ушын оны сапалы түрде жақсы жасаў лазымлығын, жасларды усы руўхта тәрбиялаў кереклигин түсиндирди.

Турмыста бахытлы, тыныш татыў жасаў ушын адамлар өз-ара аўыз-биршиликли, аўқамласқан түрде жасаўы керек. Бир-бирне ақыл-кеңес берип дослықта, өз-ара бирин-бири қоллап қуўатлаўшылық пенен түсинисиўде өмир кеширсин.

Адамзаттың баласы
Алтаў болар бес болар
Бир-бирине ЕС болар

деп инсанның бир-бирине сүйеў, жәрдемши мәсләҳәтши болыўы жаратылысына сиңип кеткен қасийет деп түсиндирген. Буны жаслардың есте тутыўы тийислилиги нәсият етилген.

Доспамбеттиң көзқарасынша адамлардың барлығы бирдей, оны бай, жарлы, ақсүйек, қарасүйек деп бөлиў инсанды кемейтиўге жатады, адамгершиликтен емес, Инсанды ата-тегине, шығысына емес, ал адамшылық сапасына, жақсы пәзийлетлерине қарап баҳалаў дурыс. Айнала булақтың суў алатуғын тийкарғы басы тең, инсанларда усындай тең атаның балалары.

Аймедет пенен Доспамбет
Хан улынан неси кем
Бий улынан неси кем

-деп өзлерин ҳәкимнен кем санамаў арқалы хан ҳәм бийдың балаларын ата-теги, нәсилине қарап емес ал адамшылық жетискенлигине қарап баҳалаў дурыслылығын түсиндирген. Усы пикирлеринен келип шығып жыраў «Алаңда алаң, алаң журт» деп басланатуғын толғаўында` адамлардың дүнья-мүлкине қарай теңсизликке ийе болып, жикке бөлинип баҳаланыўын абаданшылыққа ерискен турмыс, экономикалық жетискенликлер сапластырады деди. Адамларды бай-жарлы деп кемситип яки артық деп баҳалаўды малға жайылым жер, мәкан олардың малын өршитипөсириў арқалы жарлышылығын жоқ етип, бәрин байлар қатарына еристириў мүмкинлигин ойлады. Адамлардың жамайлық бөлиниўин, бирине-бириниң қарсы болыўын, әсиресе жарлылардың байларға қызғаныш пенен қараўын бий тәреплестиреди. Халықтағы экономиканың раўажланыўы`

Жарлысы менен байы тең
Ябысы менен тайы тең

етип адамларды тоқшылыққа жеткереди. Шынында да` Қоғалы көллер мол суўлар, қонyслар басқан өкинбес» деди. Ел тоқ болса бай-жарлы болып бирин-бири жек көрмейди, инсанлар татыўлығы артады деп есаплаған. Усылай етип улыўма жәмийетлик раўажланыўды жүзеге асырыў мүмкин екенлигин түсиндирген.

Елдиң көркейип жетилисип жасаўында халықтан шыққан батырлардың хызмети айрықша еди. Жыраў заманында жасларды батырлыққа тәрбиялаў өз алдына үлкен дәстүрге айналғаны мәлим.

Шайыр жасларды батырлыққа тәрбиялап жетилистириўге, тәрбия жәрдеминде оларға көп нәрсени үйретиў мүмкин екенлигине исенди. Батыр, дәў-жүрек адамның перзенти яки шәкирт болып тәрбия алған жаслар қаҳарман болып жетилиседи. «Ерден шыққан ер болар»[3] деди.

Шайыр жасларға елди қорғайтуғын батыр болыўды кескин талап етип қойды. Қорқақ, нәмәрттиң туўылмағаны жақсы, «жаўға шаппас жаманның барынан да жоғы абзал» деди. Ҳәрбир инсанның ел патриоты, халықты қорғаўшы, батыр болыўын зәрүр санады. Едил бойы` «Небир-небир жигитлер, батыр болып өскен журт» еди. Усындай қаҳарман ел иси ушын тақтурыўшы азаматлар халықтың әдиўли перзентлери, елдиң жақсылары. Бундай`

Жақсының жақсылығы сол болар
Жаман менен бас қосып
Сөйлескенди ар етер

деп жақсы азаматлардың өзине тән минез-қулқы, жарасықлы пазийлети, белгилери болатуғынын, жаслар усы жақсы адамлар тымсалында тәрбияланыўы лазымлығын ўазийпа еткен.

Шайыр оғада әҳмийетли санағанлықтан жасларға жақсы адамлардың қәсийетлерин таныстырыўды тағы да даўам еттиреди. Жақсы адам басқаларға қайырлы ис етип, кемшиликлериңди дүзетип, ырысқы-несийбеңди арттырады.

[3] Әлеуов.Ө.Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы.Нөкис «Қаракалпақстан» 1993.ж.268.б

Бир жақсыға сәўбетлесип сөз айтсаң
Сол жақсы жаманыңды жасырып
Ырысқыңды мол етер – деди.

Жақсы адамлар менен турмыс тиришилиги мағызлылыққа ериседи. Инсан өзин бахтияр сезеди деп есаплады.

Доспамбет жыраў жақсы адамлардың өмирдеги унамлы хызметин сөз етип отырып, адамлардың зыянын, инсанның ийгиликли исине, алдына қойған мақсетлерине кесент беретуғынын, адамның өмирдеги режелерин асырыўға иркиниш тийгизетуғынын баянлады. Жаман адам сөзинен-ақ белгили болады.[4] Ондайлар сойлесе өзиниң жүзин өзиқара етип, өзиндеги пәс минезлерди көрсетеди. Егерде билмей қалып`

Бир жаманға бас қосып сөз айтсаң
Сол жаман сырыңды паш тип
Ҳәрдайым душпаныңа хор етер.

деди. Жаманлардан аўлақ жүриўди, олар душпаннан да бетер зыян келтиретуғынын нәсият етти. Бундайларға жақын, ағайын болсада сыр айтыў қәтешиликке душакерлестиреди.

Сол жаман басыңа айғақты,
Күнлердиң күни болғанда,
Жаманға жақыным деп сөз айтпа.

деди. Салыстыратуғын ишки қупия пикирлерди ойласатуғын дурыс дос таппасаң жаманларған буны билдиртпе деди. Асиресе жаман нийетли душпанлардан сақ болып абайлап жүриўди «алып, алып ал сақлан»-деп айрықша нәсият етти.
Жүз мәртебе сақлан қастыңнан

Сақлана гөр мың мәрте
Күлип кирип үйиңе

---

[4] Әлеуов.Ө.Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы.Нөкис «Қаракалпақстан» 1993.ж.269.б

Гүңиренип шыққан достыңнан

деп душпанлардан, әсиресе дос болып жүрип қызғаныш пенен кеўлинде жаман нийети менен қарайтуғын достан мың мәртебе сақлан, оның зияны душпан адамлардан да жаман деп түсиндирди. Усылай етип дос ҳәм душпанды айыра билиўди жаслардың турмыс жолында қыйыншылықсыз жасаўында күтә зәрүр қубылыс - деп есаплады.

Жыраўдың пикиринше турмыстағы ҳәр қыйлы қыйыншылықларда туўысқан, тилеклес, қуўаныш-қайғыңа ортақ адамлардың көп болғанлығы жақсы нәрсе. Инсан жақын-жуўық әсиресе аталасларының қоллап-қуўатлаўа менен өз теңлигин, арын, кегин ала алады. Сол ушын жасларды туўысқаны көп болыўшылыққа, олар менен татыўлықта жасаўға үйретиў пайдалы, адам гейде түрли қыйыншылықларға, бий-жағдай ислерге дуўшакерлесиўи итимал. Усы ўақытта оған туўысқанларынан жәрдем керек.

Жағаға душпан қол салса
Туўысқанның көби абзал

деп душпанды жеңиўдиң тийкарғы мүмкиншилиги қаналас туўысқан яки аталас адамлардың көп болыўшылығы деп есаплаған.

Доспамбет халықтың көркейип, тоқшылықта, абадан турмыста жасаўы оны басқарып отырған басшыға байланыслы, басшы елди ақыллылық пенен жолға салып отырса халқы жақсы жасайды. Турмысы гүлленип жаслары сыйласықлы, жасы үлкенниң айтқанын тыңлап, әдеп-икрамлылық пенен өмир сүреди. Егер елдиң басшысы жоқ болса ның орнына турарлық адам табылмаса` «Қалғанлары шуўласып, ийт пенен қусқа жжем болар» деди.

Халықты дана, батыр басшы ғана әдиллиги, жақсы иси менен бахытлы турмысқа еристиреди, оларды дурыс жолға бағдарлап жасларды әдеп-икрамлылыққа, жақсы инсанлық пәзийлетлерге тәрбиялап отырады деди. Усылай етип Доспамбет жыраў өзиниң тәлим-тәрбиялық көз-қарасында елдиң басшысы халықтың экономикалық жақтан гүллениўин тыныш-парахат жасаўын ҳәм жасларының тәрбияланып шығыўын барабар әмелге асырыўшы тийкарғы орай деп түсиндирди.

## Жуўмаклаў

Атқарыўшылық өнери қарақалпақ халқының ең ескиден киятырған сүйикли өнерпазларымыздың бир топарын қурайды. Олардың сазы менен сөзи мийнет адамларының тилегине үнлес, тилегине сай болып кледи. Халықтың әдебияты менен искусствосының раўажланыўында белгили дәрежеде үлес қосқан атқарўшылардың хызмети халықымыздың көп әсирлик тарийхының алтын бетлерин толықтырады. Олар өзлериниң келип шығыў жағынан трең тарийхый тамырларына ийе. Қарақалпақ халқының әйймнен киятырған басып алыўшыларға ҳәм үстем топарларға қарсы гүреси, олардың жоқары моральлық қәсийетлери, мийнет қатнасықлары, үрип-әдети, мәденияты атқарыўылар тәрепинен өз творчествосында көркем бояўлар менен сызып берилген. Сонлықтан да халық намаларын сақлаў, раўажландырыў дәстүринде атқарыўшылардың тутқан орны оғада уллы.

Арал теңизиниң күн шығар арқасында !миў мененСырдәрьяның аралығын жайлаған қарақалпақлардың әййемги ата-бабалары болған массагетлердиң атқарыўшылықты үрдис еткени жөнинде тарийхтың атасы деп аталыўшы Геродот қызықлы мағлыўмат береди. Иранлылардың «өлмес» патшасы Кирди жеңген массагетлердиң патшасы анамыз Тумарис ҳаққындағы эпоста да сазенде, қосықшылар да атқарып, кенап шегип кеўил көтерип отыратуғын болғанлығын жазады.

Атқарыўшылар жыраў, бақсы, қыссахан, сазенде, қосықшы болып бир неше топарға бөлинеди. Соның ишинде жыраўлар шығысы жағынан қарақалпақ халқының сол массагетлер дәўиринен киятырған ең ески өнерпазы есапланады. Сондай-ақ Орта Азия ҳәм Қазақстан халықлары арасында да қобыз бенен атқаратуғын жыраўшылық өнериниң күтә ертеден киятырғанлығы мәлим.

Жыраўлар батырлық жырларының тийкарғы атқарыўшылары есапланып, олар халық басындағы аўыр-мийнет, жоқшылық зары, тереӊ қайғысына шериклес, дәртине дәртлес болып, қайғысын умыттырыўдағы жалғыз кеўил хошы болып мың-мыңлаған тыңлаўшы аудиториямының жүрегин тербетип отырады.

Аты аңызға айналған Соппаслы Сыпыра жыраў менен Қорқыт ата, Асан Қайғыдан тартып, соңғы белгили болып жүрген Тоқтамыс ханның сарай жыраўлары Камалзада,

Жаҳан Мырза, XVIII-XIX әсирде жасаған Жийен, Халмурат, Қазақбай, Шанкөт, Ербай, Жийемурат, Нурабулла, Айтуўар, Қабыл, кешеги Бекмурат, Қурбанбай, Ерполат, Хожамберген (өгиз жыраў) Есемурат, Қыяс, Палеке, Атамурат, Өтенияз, Қуламет, Арзымбет, Жумабай, Шамурат, Жақсылық ҳәм т.б. халық поэзиясы менен искусствосында атын шығарған талай жыраўлар атқарыўшылық өнеримиздиң көп әсирлик дәстүрн бүгинги күн менен ушластырыўда садықлық пенен хызмет етип келди. Олардың атқарған «Алпамыс», «Қоблан», «Қырық қыз», «Ерқосай», «Ершора», «Едиге», «Ерсайым», «Шәрьяр» дәстанлары өзиниң кең аудиториясына ийе болып, халық тәрепинен терең сүйиспеншиликке бөленип келди.

Атқарыўшылар улыўма қарақалпақ әдебият, искусствосында ядыкешлик ҳәм импровизаторлық дәрежси жағынан оғада күшил өнерпазлар болып есапланады. Олар небир қыйын намалар, мыңлаған дәстан қатарларын ядлап алып, узақ-узақ таңларға созылған кешелерде халқымызға руўхый ләзет бағышлады. Олар актер жоқта-актер, сахна жоқта-сахна, солист жоқта-солист ўазыйпасын атқарып, өнер мәдениятымыздың халыққа таратыўшы шеберлери болды. Сонлықтан халық өз атқарыўшыларын терең ҳүрметлеп, олардың атқарыўшылық талантына таң қалып иләҳийда кәраматлы күш деп түсинди.

Қарақалпақлар арасында Соппаслы Сыпыра жыраў ҳаққында көп ғана легендалар, аңызға айланған ҳикметли сөзлер кең таралған. Булардың ҳәммеси де оны қарақалпақ жыраўшылық искусствосының атасы сыпатында көрсетеди. Қобыз шертиў, жыр жырлаў, яғный жыраўшылық искусствосының ең дәслепки дереги ҳәзирги қарақалпақ жыраў-бақсылары Соппаслы Сыпыра жыраў менен байланыстырады.

Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ жыраўларының ең ири ўәкиллери Хожамберген (Өгиз жыраў), Ерполат, Қурбанбай, Есемурат, Қыяс жыраўлар Сыпыра жыраўды қарақалпақ жыраўларының ең уллы устазы деп есаплайды.

Соппаслы Сыпыра жыраў XIV әсирде жасаған жыраў болып, ол көп ғана түрк тиллес қәўимлер ноғайлы бирлеспесинде ямаса Алтын Орда ханлығы қарамағында жасап турған бир дәўирде өмир сүрген қазақ, башқурт, татар, ноғай фольклорында ла аты кеңнен сақланған. Ол қарақалпақ жыраўшылық традициясының баслаўшыларының бири, уллы көркем сөз шебери сыпатында танылады.

Қарақалпақ, қазақ, ноғай, башқурт халықларының изертлеўлерине қарағанда белгили тарийхый ўақыялар тийкарында пайда болған дәстан «Едиге» деги белгили тарийхый фигуралар-Тоқтамыс, Едиге, Темир т.б. адамлар менен бир қатарда аталыўының өзи тарийхый шынлыққа туўра келеди. Усы жағдайларға байланыслы Соппаслы Сыпыра

жыраўдың аты, творчествосы Қорқыт ата, Асан қайғы, Жийренше шешен сыяқлы көпшилик түрк тилинде сөйлейтуғын халықларға ортақ болып келеди.

Илимий әдебиятта Сыпыра жыраўдың атын биринши болып киргизген белгили әдебиятшы, этнограф, музыка изертлеўши Ч.Уәлийханов: «Сыпыра жыраў Тоқтамыс ханның абыройлы кеңесгөйлериниң биреўи болды, ол ноғайлы дәўириниң көп ғана эпикалық жырларын атқаратуғын еди»-деп көрсетеди.

Белгили қарақалпақ илимпазларының Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, ҳ.т. басқалар қарақалпақ жыраўшылық мектебин Сыпыра жыраўдың аты менен байланыстырады. Олар Тоқтамыс ханның тусында Ноғайлы Союзының қулаў дәўиринде жасағаны-ҳаққында мағлыўмат берилген.

Мине усы илимий тийкарларға қарағанда Сыпыра жыраў ноғайлы дәўириниң ең уллы жыраўы болған деген жуўмаққа келемиз. 1723-жылы Сырдәрьяның орта жағаларын жайлаған қарақалпақларды қалмақлар (жоңғарлар) менен қазақ ханы Абылқайыр шабады. Бул жағдай қарақалпақлар ушын оғада аўыр болады. Олар усыған байланыслы «жоқарығы» ҳәм «төменги» болып екиге бөлинип көшиўге мәжбүр болды. «Жоқарығы» қарақалпақлар Самарқанд, Бухара, Зарафшан тәрепке көшти. Олар Нурата, Булынғыр, Жанбай, Кенемех, Кенине, Тамды, Рамийтан, Байсын, Миянкөл, районларын жайлады. Усы «жоқары» қарақалпақлардан шыққан атақлы жыраўлар, Жийен, Айтуўар, Қабыл, Халмурат, Ербай, Шанкөт, Жийенбай, Қазақбай, Бекмурат, Қурбанлар ҳәзирги Қарақалпақстан әтирапында жасаған бақсы жыраўлар: Ақымбет, Муўса, Нурабулла, Шернияз, Жуман, Қурбанбай ҳәм т.б. менен творчестволық байланыста барыс-келис етип турған. !сиресе устаздан шәкирт шығарыўда бул мәдений байланыслардың хызмети оғада уллы болды. Устазлардың шәкирт таярлағаны ҳаққындағы тарийхый халық қосықлары Нурата, Булынғыр, Жанбай районларында елеге шекем жаңа күйинде айтылып келинеди:

Данышпанлар сөз мәнисин айырды,
Булл жол менен айтып өткен Аўезди,
Қарақалпақта Халмураттай шайырды,
Халмурат шайырдан бул жол қалғанды.
Шанкөт жыраў оннан тәлим алғанды,
Шанкөттиң шәкирти Қурбан шайырдың,

Мине усы үлкен территориялық орталықта жасап, дөретиўшилик мийнет еткен қарақалпақ жыраўлары халық дүрданаларын мудамы жетилистире отырып, устаздан шәкирт шығарыў өнерин жоқары басқышқа көтерди.

Биз жоқарыда жыраўлар қаҳарманлық дәстанларды қобыз бенен атқарған дедик. Сонлықтан жыраў дегенимизди биз қобызды еске аламыз. Жыраў сөзи қобыз екеўи егиздиң сыңарындай жупкерлесип бирге жасайды. Соның ушын биз қобыз әспабы туўралы қысқаша түсиник бериўди де мақул көрдик.

Қарақалпақ халқының арасында шығысы жағынан ең гөне, ески музыкалық әспаблардың бири-қобыз. Қобыз-әспабы қарақалпақлардан басқа көпшилик шығыс халықлары-қазақ, қырғыз, өзбек, уйғыр улыўма түрк тиллес халықларының көпшилигинде, сондай-ақ украинларда (бандур) т.б. халықларда гезлеседи.

Қобыз әспабы өзиниң қурылысы, жыраўдың айтыў техникасы ҳәм де басқа да көплеген тарийхый дереклерге қарағанда ол күтә әййемги әспаб болғанлығы мәлим.

XI әсирдиң уллы илимпазы Махмуд Қашқарий «Девану луғатит түрк» китабында музыкалық әспаблардан-Қобыз, сыбызғы, карнай т.б. әспаблардың атларын жийи тилге алады.

XVIII әсирде жасаған белгили илимпаз Дервиш Алийдиң айтыўына қарағанда**:** «Қобыз»-күтә жағымлы ҳәм көркем даўыслы тар тағылған музыкалық әспаб. Оның айтыўына қарағанда қобыз уллы сазенде ҳәм музыка теориясын тереӊ ийелеген Султан Жалайыр (1356-1374) атлы алым тәрепинен соғылған.

Қобызды ол рубабтың балдағын ҳәм оның пүткил денесин узайтыў жолы менен ислеп шыққан, ол ҳаққында автор күтә қызықлы ҳәм узақ даўам еткен аңыз сөзлерди баян етеди.

Қырғыз манаслары, қазақ жыршылары, өзбек ҳафызлары сыяқлы қарақалпақ жыраўлары да халық тәрепинен жоқары баҳаланған. Қобыз әспабы дәўирлердиң өтиўи менен басқа бир қанша халықларда кем-кемнен қолланыўдан шығып, оның орнын басқа әспаблар ийелеп алған болыўы мүмкин. Ал қарақалпақлар арасында болса елеге шекем халық турмысында турақлы орын ийелеп киятыр. Сонлықтан миллий, әспабларының бири сыпатында таныймыз. Ҳақыйқатында оның ғаңқылдаған сестинде өтмиштеги ата-бабаларымыздың әсирлер даўамында басынан кеширген азап-ақыретлери, ана топырағынан айрылып, бүлгиншиликке ушырағандағы қайғылы күнлери, келешек бахытлы өмирге талпыныўдағы арзыў-әрманлары, патриотлық минезлери менен күшли кейиплери ушласып жатады. Сонлықтанда «Өмир жүгин арқалап, бели бүкирейген қобызым», деп халқымыз оған бийкарға айтпаған.

Қобыздың формасына сер салсақ, ол күтә әпиўайы (примитив) тәризде қурылған болып келиўине қарамастан даўыслық диапазоны жағынан кең болып, намалары да бир қанша раўажланған болып келеди.

## Пайдаланған әдебиятлар


1. Каримов И.А. “Тарихий хотирасиз келажак йок”. Тошкент, “Шарк”, 1998
2. Каримов И.А. «Жоқары манаўият жеңилмес күш». Т.2009.ж.
3. Каримов И.А. По пути безопасности и стабильного развития. Т.6, Т., 1998
4. Каримов И.А. Раскрытия потенциал каракалпакской земли, подъем уровня жизни людей – актуальная задача. Правда Востока, 2002, 3-мая.
5. Адамбаева. Т.  Революцияга шекемги каракалпак музыкасы. Нокис 1976-жыл.
6. Алеуов.О.Ажиняздын агартыушылык ойлары.Нокис. Каракалпакстан. 1982 жыл
7. Алеуов.О. «Айемги Орта Азия халыкларынын педагогикалык ойлары.Нокис.1987ж
8. Алеуов. О. XIX асирдин акыры XX асирдин басларындагы каракалпак адебиятындагы агартыушылык пикирлер.Нокис.Каракалпакстан.1992ж
9. Алеуов. О Каракалпакстанда талим тарбиялык ойлардын калиплесиуи хам рауажланыуы.Нокис.Билим.1993жыл
10. Алеуов.О. Станавление и развитие педагогической мысли в Каракалпакстане (Сдревнейших времен до 30-х годов XX века).Нукус.Билим.1996 год
11. Айымбетов. К Халык даналыгыНокис 1988-жыл
12. Айымбетов.К. Тарийхый косыклар, жыраулар репертуарында Амиударья журналы N7 1964-ж
13. Аманиязов Г.Келин бирге косык айтайык. «Билим» баспасы 1994.ж.
14. Алланазаров. Д.  Каракалпак халык сазлары Нокис 2002-жыл
15. Даукараев. Н.  Революцияга шекемги каракалпак адебиятынын очерклери. Нокис 1961-жыл

16.Тажимуратов. А. «Каракалпак халык косыклары». Нокис 1965-ж
17.Каракалпак фольклоры V-том. Нокис 1980-ж
18.Каракалпак халык намалары VIII-том Тошкент 1959-ж
19.Максетов.К. Дастанлар, жыраулар, баксылар Нокис 1970-жыл
20.Каракалпакстан журналы N4-5 саны нокис 2002-ж